ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЬАНДЗРЭ КЪЫДОКІ

№25 (22.933) • 2015 гъэм мазаем (февралым) и 12, махуэку • Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ • И уасэр зы тумэнщ • adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

КІУЭКІУЭ Юрий: Зэгурыіуэн хуейщ

«ВОЛЬФРАМ» компание» ЗАО-м хьыхъэ Гидрометзаводым и лэжьыгъэм епха Іуэхуэм теухуауэ КЪБР-м и Іэтащхьэм зэІущІэ иригъэкІуэкІащ.

АБЫ и лэжьыгъэм хэтащ КЪБР-м и Правительствэм и Унафэщі Мусуков А. Т., вице-премьер - КЪБР-м узынщагъэр хъумэнымкІэ и министр Шэт И. М., Налшык къалэм и Іэтащхьэ Къуэдзокъуэ М. М., КЪБР-м и прокурорым и къуэдзэ Жекеев А. М., КЪБР-м промышленностымкІэ и министр Гузбэшы З. А., КЪБР-м щыІэпс къулеигъэхэмрэ экологиемкІэ и министр Газаев М. А., КЪБР-м и Парламентым и комитетым и унафэщі, «Удзыфэхэр» партым щыщ Щхьэгъэпсо С. Хь., «ВОЛЬФРАМ» компание» ЗАО-м и унафэщі нэхъыщхьэ Горбачев М. И., «Регионфинансресурс» Іуэхуэхьэ компание» ЗАО-м и унафэщі Галкин В. В., «Къэбэрдей-Балъкъэр вольфрам-молибден компание» ОАО-м и унафэщі Рябов В. М., «Гидрометаллург» ОАО-м и унафэщі Шило О. Н., «ВОЛЬФРАМ» компание» ЗАО-м и гъэзэщІакІуэ унафэщі Плетнев Е. Н. сымэ.

Къыщэхуэсахэм зэхуигъазэу КІуэкІуэ Ю. А. жиІащ Гидрометзаводым пэгъунэгъуэ щыпсэу цыху мин тхущІым щІигъум я гъащІэмрэ узынщагъэмрэ зэрытешыныхьым, ахэр зыгъэпІейтейм зэгъусэу егупсысын, Іэмалхэр яубзыхун зэрыхуейр. НаІуэу зэрыщытщи, мы заводым хьэуам щхьэхъ зэрыхиутІыпщхьэм куэд егъэгузавэ. Абы щыгъуэми, къагуроІэ бгым къыщІахъхэм елэжь Іэнатіэр зэфІагъэувэжьым зэрыхущІэкъур къэлъытауэ, а предприятэр КЪБР-м къыщыззэтегъэнэн зэрыхуейр.

Куэдрэ зэчэнджэщ ноужь, КЪБР-м и Правительствэм хуагъэлъэгъуащ «ВОЛЬФРАМ» компание» ЗАО-м и гъусэу лэжьакІуэ гуп къыззригъэпэщыну. Иужьрейм къыхихын хуейщ - заводым и лэжьыгъэр ягъэувыІэн е ар КЪБР-м и щыхьэрым дэхьн.

КЪБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іанэ.

● Абы дегъэпІейтей

● Дыгъуасэ

Рогозинэ Наталье и саугъэтым щІобэн

Налшык, «Галактика» спорткомплексым, Урысейм Іэщэкіэ Зэщіэуэзэда и Къарухэм боксымкІэ я зэхьэзэхуэ къыщыізэІуахащ. 1999 - 2000, 2001 - 2002 гъэхэм къалъхуа ныбжьыщІэхэр зыхэтыну зэпеуэм щыщІэбэныну боксымкІэ дуней псом и абсолютнэ чемпионкэ Рогозинэ Наталье и саугъэтхэм, Чемпионатыр екІуэкІынуц мазаем и 15 пщІондэ. Зэхьэзэхуэр къыщызэІуахым къеблэгъащ КЪБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Юрий, боксымкІэ дуней псом и абсолютнэ чемпионкэ Рогозинэ Наталье, Урысейм спортымкІэ щІыхь зиІэ и мастер Островский Александр, КЪБР-м и Правительствэм щыщхэр.

ЗЭПЕУЭМ хэтхэм ехъулІэныгъэ яІэну ехъуэхъуащ, ар республикэм зэрыщекІуэкІыр зэригуапэр къыхигъэщащ **КІуэкІуэ Юрий**.

- Си гуапэщ дуней псом щыщІэрыІуэ ди спортсменкэр укъезгъэблагъэну. Зэпеуэр щебгъэкІуэкІыну КЪБР-р къызэрыхэпхам дрогуфІэ, - зыхуигъэзащ КІуэкІуэ Юрий Рогозинэм. Спортсмен ныбжьыщІэхэм зэфІакІ къагъэлъагъуэну, Рогозинэ Наталье щапхъэ трахыну ехъуэхъуащ. - Ди къэралыр спортым и чемпионхэмкІэ къулейщ. Нобэ зэпеуэшхэм хэтынухэм дуней псом чемпион щыхъунухэр къыфхэкІыну согугъэ.

Рогозинэ Наталье *(суратым)* и псалъэм къыхигъэщащ зэпеуэр ди республикэм зэрыщекІуэкІым псом хуэмыдэу зэрыгушхуэр. Абы хэт ныбжьыщІэхэм фІэщІхъуныгъэ я гум ирагъэлъыну чэнджэщ яритащ.

Іуэху дахэр къызэІуахащ Урысей Федерацэм и Гимнымкіэ. Утыкур ягъэдэхащ уэрэджьІакІуэхэмрэ къэфакІуэхэмрэ. Зи цІэр Гиннессым и рекордхэр зэрыт тхылъым иратха Рогозинэ Наталье теухуа видеогъэлъэгъуэныгъэ гъэщІэгъуэным епІащ къекІуэлІахэр. Рогозинэр боксымкІэ зэхьэзэхуэ 22-м хэтати, дэтхэнэгъэ кІуэныгъэ къыщихьащ, абы щыщу 13-р нокаутКІэ.

Налшык къыщызэІуаха зэхьэзэхуэм хэтщ къэралым и щІыналъэ 27-м щыщ спортсмен 300. Абы щытекІуэкІэр Урысейм пашэныгъэ къыщыхьынымкІэ Оренбург мэлыхьыхьым щекІуэкІыну зэпеуэм кІуэнущ.

ГУГЪУЭТ Заремэ.

Паралимп спорт лІэужьыгъуэхэмкІэ республикэ сабий-ныбжьыщІэ школым КъБР-м и Іэтащхьэр мазаем и 11-м щыІащ

2014 гъэм мэлыжьыхьым и 25-м къызэІуаха мы Іэнатіэр къарукІэ зи зэфІэкІхэр къэбзыхьа сабийхэм я центр хъуащ. КъэпщытакІуэхэм къызэрагъэлъэгъуэнкІэ, ныбжьыщІэхэр гъащІэм папщІэ мыбы Іэмал гъэзэджэхэр щыІэщ. Школым спорт лІэужьыгъуитхум - атлетикэ псынщІэм, шабзэ утІыпщым, псым есым, шы спортым, тхэквондом, футболым - зыщрагъэужь.

КІуэкІуэ Юрий щыгъуаз зищІащ лэжьыгъэр зэрызэтраухуам икІи сабийхэмрэ абыхэм я адэ-анэхэмрэ яІущІащ.

Зыхуэфащэ министерствэхэм хуагъэлъэгъуащ Іэнатіэм и мыпхъу-техникэ лъабжьэр гъэбыдэным, медицинэ Іуэхутхъэбзэхэр егъэфІакІуэным, зи Іэзагъыр лъагэ егъэджакІуэхэр къешэлІэным гулъытэ хэха хуащІыну.

КЪБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іанэ.

ЩІеблэр хъумэным теухуауэ

● КЪБР-м и Парламентым

Мазаем и 10-м КЪБР-м и Парламентым и Унэм щекІуэкІэ зэІущІэр теухуауэ щытащ 2013 - 2020 гъэхэм терроризмэрэ экстремизмэмрэ щымыгъэІэным теухуауэ УФ-мрэ КЪБР-мрэ я унафэхэр республикэм и къэрал властымрэ щІыпІэ самоуправленэхэмрэ зэрагъэзащІэм.

ЗЭІУЩІЭР къызэІуахыр езыгъэкІуэкІари КЪБР-м и Парламентым Хабзэмрэ хуитныгъэр хъумэнымкІэ и комитетым и унафэщі **Мовсесян Грантщ**. Абы къыхигъэщащ зи гугъу ящІ Іуэхуэхэм республикэм дежкІэ мыхьэнэшхэу зэраІэр къалъытэу, ар зи нэІэ щІэт комитетхэм я ЛыкІуэхэр, Прокуратурэм, УФСБ-м, Къэралкъэщі Іуэхуэхэмкіэ министерствэм, ЩІалэгъуалэ палатэм, дин Іуэхущ Іапіэхэм я ЛыкІуэхэр къызэрыгъэблагъэр.

КЪБР-м и Парламентым и Унафэщі **Хъэщхъуэжь Татьянэ** къыщыпсалъэм жиІащ терроризмэмрэ экстремизмэмрэ ди къэралым и социально-политикэ щытыкІэм зэран зэрыхуэхьур, а Іуэхур ди хэгъуэгум зэрыщыІэтар. Терроризмэр зыгъэбагъуэ щхьэусыгъуэхэм ящыщу спикерым кьигъэлъэгъуащ ди республикэр экономикэ щытыкІэ гуэрым зэриторр, ди щІалэгъуалэр Іэнатіэкіэ къызэрэпэщащ зэрымыхьур. Апхуэдэуи Егоровэр къытеувыІащ хъыбарегъащІэ Іэнатіэхэр къагъэсэбэпурэ (псом хуэмыдэу Интернетыр) щІэпхъаджащІэхэм ныбжьыщІэхэр зэрызэкашэр, абыхэм я гупсысэр зэраІуатІэр. Апхуэдэхэм нэхъыбэу тегъэщІапІэ ящІыр лъэпкъ, дин щхьэхуэныгъэхэрщ.

Сабийхэм я гъэсэныгъэм и гугъу щищым, Парламентым и Унафэщім жиІащ ныбжьыщІэм и гъэсэныгъэр унагъуэм къызэрыщежьэр, абы и пщэ къыдэкуэ къалэныр и зэманым имыгъэзащІэмэ, пуздзэжьынкІэ шынагъуэ зэрыщыІэр. Псом хуэмыдэу къагъэпІэфыр илъэс 14-18 ныбжьым итхэрщ. Сабийхэм я гъэсэныгъэр зи пщэ къыдэхуэхэм ящыщу Егоровэм къигъэлъэгъуащ дин Іуэхущ Іапіэхэри, дин лэжьакІуэхэр щапхъэу щытын зэрыхуейр, ислъамым и пэжыіпІэр щІыхуэм я деж нахьэсыфрэ абы кьемызэгъэхэри зэІуахауэ къагъэлъагъуэу зэрыщытыпхьэр. Экстремизмэмрэ терроризмэмрэ щымыгъэІэным екъэлІа Іуэхуэхэм 2013 гъэм ди республикэм щыхухахар сом мелуан 13,5-м ноблагъэ, 2014 гъэм а Іуэхуэм сом мелуан 14,9-рэ хухахати, псори къагъэсэбэпащ.

И псалъэхэм и кІэуныу Егоровэм жиІащ иужьрей зэманым Іэнатіэ псори зэкъуэуавуэ терроризмэмрэ экстремизмэмрэ зэрыпэщІэтым и фІыгъэкІэ дяпэкІэ а лэжьыгъэр ефІэкІуэну кьызэралъытэр.

(КІэуху 2-нэ нап.).

Мы махуэхэм дунейм къытехьащ 2015 гъэм и Адыгэпсо махуэгъэпс-щІэнгъуэзэр. Илъэс къэси хуэдэу, ар нэхъ щІэщыгъуэ, хъыбархэмкІэ нэхъ бей хъуащ. Щыхухэм гу зэрылъэтащи, мыбы илъэсым и махуэ бжыгъэм уриКІэлъэплъым и закъуэкъым, атІэ ди лъэпкъым ехьэлІа хабзэхэр, нэщэнэхэр, псалъэ щэрыуэхэр, чэнджэщхэр, псалъэжьхэр щызэхьэхьэсащ. Апхуэдэуи уи къаухъым зезыгъэужь, щІэныгъэм хэзыгъахъуэ хъыбар гъэщІэгъуэн куэд итщ гъуэзджэм, литературэм, медицинэм, экономикэм, географием, щэнхабзэм, спортым ехьэлІауэ. ГъэщІэгъэнщ бжыгъэхэм я бзэр, тхыдэм и напэкІуэцІхэм, цІыхухэм я зэфІэкІым теухуа Іыхьэхэри.

МАХУЭГЪЭПС-щІэнгъуэзэр лъапІэ ещІ цІыху цІэрыІуэхэмрэ ахэр къыщалъхуа махуэхэмрэ абы зэритым. Къэбэрдей-Балъкъэрым, Къэрэшей-Шэрджэсым, Адыгеим, Шапсыгым, Москва, хамэ къэралхэм щыщ, Іэнатіэ зэмылІэужьыгъуэхэм ехъулІэныгъэфІхэр щызэІэрызэгъэхьа ди къуэш, щыпхъу куэдым уащрохьэлІэ махуэгъэпсым. Адрей илъэсхэм хуэмыдэу, 2015 гъэм къыдэкІам ихуащ щэрджэс мамлюкхэм къаухэкІа сультІанхэм, Уэсмэн, Урыс, Франджы пащтыхьыгъуэхэм къэрал къулыкъу щызэхьа адыгэхэм, нобэрей КъуэкІыпІэ Іыгъэгум, Кубрыс Азиеи, Европэм, Америкэм, Австралиеи зи зэфІэкІкІэ къыщалъыта ди лъэпкъэгъуэхэм я хъыбархэр. КъищынэмыщІауэ, тхыдэм къыхэна, ди республикэм, къэралым, дунейм къыщыхьуа Іуэхугъуэхэмрэ цІыхухэм я нэгу щІэкІа тельыджэхэмрэ махуэгъэпсым щызэхуэхьэсащ.

Дуней псом щыщІэрыІуэ цІыхухэм адыгэхэм щхьэкІэ жаІахэм, хэхэс щэрджэсхэм ящыщу зи цІэр жыжьэ нэсахэм, лъэпкъым и пщІэр зыІэта хэкурысхэм ятеухуауэ махуэгъэпсым итхыгъэ кІэщІхэм ар нэхъри куПщафІэ, зыми емыщхь ящІ. Аращ абы щІэнгъуэзэкІэ щІеджэр ХьэфІыцІэ Мухьэмэдрэ Уэрыш Нурхьэлийрэ.

Зи гугъу тщІы махуэгъэпс телъыджэр къыщывгъуэтынущ Налшык къалэ дэт «Адыгэ унэ» тыкуэн-музейм (тел. 426271), «Эльбрус» тхылъ тедзапІэм и тыкуэным (тел. 426870), Къэбэрдей Адыгэ Хасэм (тел. 425619).

НЭЩІЭПЫДЖЭ Замирэ.

● Хъыбар гуапэ

Зыми емыщхь Адыгэ махуэгъэпс-щІэнгъуазэ

ЩІэпІейтеин щыІэкъым

Хуэмыщіахэм зэрызыщІагъакъуэ ахъшэхэмрэ лэжьакІуэхэм я улахуэхэмрэ 2015 гъэм химыгъэхъуэн, апхуэдэуи ахэр и чэзум имытын Іуэху зэрихуэрхъым Урысей Федерацэм и Правительствэм.

Апхуэдэу жиІащ УФ-м и вице-премьер Голодец Ольгэ и пресс-секретарь Левченкэ Алексей. Абы къызэрыхигъэщамкІэ, Правительствэм абыхэм щытепсэлъыхьыхьакъым икІи цІыхухэр абы и лъэныкъуэкІэ щІэпІейтеин Іуэхум хилъагъуэрхьым. «Финансхэмкіэ министр Силуанов Антон нэхъапІэуэкІэ зи гугъу ищІар къэрал къулыкъущІэхэм я улахуэхэм хэмыгъэхъуэнырц», - жиІащ Левченкэ.

Зэрымыарэзыр ибзыщІакъым

Мазаем и 10-м Стокгольм къыщызэІуахащ Палестинэ автономием и посольствэ.

Европэ зэгухьэныгъэм хьихъэ къэралхэм ящыщу Швециемрэ и закъуэщ Палестинэм и къэралыгъэр къэзылъытар. Швециемрэ и правительствэм апхуэдэ унафэ кьищтауэ щытащ мазищ ипэкІэ.

Палестинэм и унафэщІ Аббас Мэхмуди хэтащ и къэралым дежкІэ гуфІэгъуэшхуэу щыт а Іуэхум иращІэкІа дауэдапщэхэм. Ар къыщыпсалъэм адрей къэралхэри къыхуриджащ Швециемрэ щапхъэм ирикІуэну.

Швециемрэ нэгъуэщІ къэрал Іуэхуэхмкіэ и министр Маргот Валльстрем а зэІущІэм къыщыхигъэщащ Палестинэм и дипломатхэр я деж зэрыщылэжьэнур. Израильм хуаІэ зэхущытыкІэхэм зыкІи зэран зэрыхуэмыхьунур.

Апхуэдэу щытми, Палестинэм и ЛыкІуэхэр щылэжьэну Іуэхущ Іапіэ Стокгольм къызэрыщызэІуахамкіэ икъуэкІэ зэрымыарэзыр ибзыщІакъым Израильм нэгъуэщІ къэрал Іуэхуэмкіэ и министерствэм и ЛыкІуэ Нахшон Эммануэль. «Ар Швециемрэ и правительствэм политикэм щыІэщІэкІа щыуагъэшхуэ дыдэу къызэлъытэ», - жиІащ абы.

НОБЭ

♦1929 гъэм Налшык щыпІэ мыхьэнэ зиІэ курорт хъуащ.
♦1957 гъэм Кавказ Ищхъэрэм щыяпэ дыдэу Налшык телевиденэм лэжьэн щІидзащ.
♦1961 гъэм дунейм щыяпэу СССР-м «Венера-1» станцыр иутІыпщащ.
♦1979 гъэм Женевэ (Швейцарие) климатымкІэ япэ дунейпсо конференцым лэжьэн щыщІидзащ.
♦Польшэм щыщ революционер, адыгэхэм я псэукІэр, я хабзэхэр зыджу щыта **Лапинский Теофил** къызэралъхуэр илъэси 188-рэ ирокъу.
♦Тыркум щыпсэуа адыгэ тхакІуэ, дунейпсо литературэм и классикыгъ къалъытэ **Хьэткъуэ Умар (Омер Сейфеддин)** къызэралъхуэр илъэси 131-рэ ирокъу.
♦Дзэзешэ цІэрыІуэ, Совет Союзым тІэунейрэ и ЛыхъужьІ, маршал **Чуйков Василий** къызэралъхуэр илъэси 115-рэ ирокъу.
♦УсакІуэ, КЪБР-м и Къэралсаугъэтым и лауреат **Къэшэж Иннэ** щыщыщІэхуа махуэщ.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык уфаэу щыщытынущ, пІалъэ-пІалъэкІэрэ уэс къыщесынущ. Махуэм хуабэр 1 градус, жэщым щыІэр 1 градус щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар **ЖЬЭКІЭМЫХЬУ Маринэщ.**

● Электросетхэр

Токыр ирикъуу яІэрыхьэн папщІэ

Налшык къалэм зеубгъу, хьэбзэщІэхэр ирагъэфІакІуэ, абыхэм я инфраструктурэм зеужь. А псом электрокъаруэу хуэзэм хохьуэ.

РЕСПУБЛИКЭМ и щыхьэрым щыпсэуахэр фІагъ хэльу, щызэпыу къэмыхъуу токкІэ къызэригъэпэщын мурадкІэ, «Къэбалъкъкоммунэнерго» МУП-м электросетхэр жыдджэру зэрегъэпэщыж. Мы гъэм а лэжьыгъэр щаублащ тхьэусыхафэ нэхъыбэ здэщыІэ щІыпІэхэм.

«Аэропорт» хьэбзэм Фурмановым, Чапаевым, Котовскэм, Къущхьэ зэкъуэшхэм я цІэкІэ щыІэ уэрамхэм къызэрыгуэкІ кІапсэжьхэр километри 2,5-м фэ зытелъым хуэдэжІэ щахъэжащ. ПащІэм, КІыщокъуэм, Арманд, Чернышевскэм я цІэхэр зезыхьэхэм километр 1,5-рэ щызэрахъэжІащ.

Гъэгубгъуэхэм декІуэкІ жыгхэр и чэзум зэрауэхъуэнщІым къызэрымыкІуэ щытыкІэхэм деж токыр зэрыІуач пІальэр хэпщІыкІыу игъэмэщІэнущ.

«Къэбалъкъкоммунэнерго» МУП-м и пресс-Іуэхущ Іанэ.

● Бахъсэн щІынатІэ

ЩІы Іыхьэхэр хухах

Бахъсэн къалэ округым и щІыпІэ администрацэм щекІуэкІащ псэупІэ хуэхъныгъэ щрагъэкІуэкІым папщІэ пщІэншэу щІы Іыхьэ пэлтъэу учетым щытхэм ар щытрагуэщ Іуэхугуэ.

УНАГЪУЭХЭР зыхэта пхъэидзэм дэтхэнэри метр зэбгъуэзнатІэ зы мин хъу щІы кІапэ 30 къызэщІиубыдащ. Іуэхугъуэр иригъэкІуэкІащ Бахъсэн къалэ округым и щІыпІэ администрацэм и Іэтащхьэ Мамхэгъ Хьэчим, пщІэншэу щІы яхуэхьныкІэ комиссэм щІигъуу. Абыхэм ящыщу 29-р Дыгулыбгъуей, 1-р Бахъсэн къалэм щопсэу.

Нэхъапэкіэ Бахъсэн къалэм щыпсэуэхэм участкэ 73-рэ, абыхэм ящыщу 50-р бын куэд щапІ унагъуэхэм, хухахауэ щытащ. Илъэсым и кІэм нэсыху къалэ округым иджыри щІы кІапэу 100 хухахыну я мурадщ. ПІхъэидзэр зэІуахуэ екІуэкІащ. Мамхэгъ Хьэчим къигъэгугъащ щІапІощІэхэм коммуникацэхэр ешэлІэныкІэ Іэмалхэр къигуэтыну.

ДЫГУЛЫБГЪУ Мысост.

Ди къуэш республикэхэм

Медаль ират

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. ***Черкесск и Іэтащхьэ Тамбий Руслан «ПсэкІэ лъащхэр» социальнэ-хэкупсэ марафоныр кьызэгъэпэщыным икІи егъэкІуэкІыным хуищІа хэлъхьэныгъэм папщІэ «ТекІуэныгъэ» урысейпсо къызэгъэпэщакІуэ комитетым «Сильные духом» медаль къыхуигъэфэщащ.***

«ЧЕРКЕССК къалэр, Уэ езыр марафоным хэтхэм, Іэрызешэ гум и ныкъуэдыкъуэхэм 2012 гъэм и щыкъэзыІуэм Урысей Федерацэм япэу къыщыІущІаxэм ящыщщ. Нэхъыщхьэжьрщи, Іуэхугъуэхэр екІуэ, лъэщу къызэгъэпэщащуэ екІуэкІащ. «ТекІуэныгъэ» къызэгъэпэщакІуэ комитетым марафоным къриКІуэхэм Урысей Федерацэм и Президент Путин Владимир деж щищІа докладым фи хэлъхьэныгъэри къыщыхигъэщащ», - итщ къызэгъэпэщакІуэ комитетым и лэжьакІуэ гупым и унафэщІ, «Зауэм и ныкъуэдыкъуэхэр» ОООИВА-м и тхьэмадэ Чепурной Андрей Черкесск и Іэтащхьэм къыхуигъэхьа тхыгъэм.

Уасэхэм кІэлъоплъ

АДЫГЕЙ. ***Адыгейм Экономикэ зыужьыныгъэмрэ сатумкІэ и министерствэр, Уасэхэмрэ тарифхэмкІэ и управленэр, Мэкъумэш хозяйствэмкІэ и миинистерствэр зэщІыгъуу уасэм зэрыхэхъуэм тхьэмахуэ къэс кІэлъоплъ.***

ЗЫКІЭЛЪЫПЛЪ ерыскъыхэкІ лІэужьыгъуэ 24-м яхохьэ социальнэ мыхьэнэшхуэ зиІэхэр. Іэщ ІагъэлІхэм къызэрыхагъэщымкІэ, мониторингым къриКІуэхэм къагъэлагъуэ, зэрыщыту Урысей Федерацэм зэрыщыхэхъуэм хуэдэ щытыкІэм зэрытетыр. Республикэм уасэхэм зыщІэтыным и щхьэусыгъуэхэм ящыщщ а ерыскъыхэкІ лІэужьыгъуэхэм ящыщ язынымкъуэхэр Адыгейм зэрыщамыгъэхьэзырыр. Дяпэкіэ нэхъ лъапІэ хъунухэм хабжэ къэбыстэр, фошыгъур, бжьыныр.

УЭРДОКЪУЭ Жантинэ.

Лъэпкъ Іущыгъэ:

ЗыщІэм жиІэркъым, жызыІэм ищІэркъым.

Нэхущ Заурбий фрегъэблагъэ

Республикэм щыпсэуэхэм хъыбар фыдогъащІэ УФ-м и Жыларгуэ палатэм хэт Нэхущ Заурбий мазэ къэс и етІуанэ гъубж махуэм сихьэти 10-м къыщыщІэдзауэ 13 пщІондэ КЪБР-м и Жылагуэ палатэм щІыхуэхэр зэрыщригъэблагъэмкІэ.

Фыздекіуэлінэнур: Налшык къалэ, Лениным и цІэр зезыхьэ уэрам, 57, 3-нэ къат.

Телефоныр: 77-69-93.

ЩІалэгъуэ

ЩІэблэр хъумэным теухууэ

(КІэухыр. ПэщІэдзэр 1-нэ нап.).

КЪБР-м и Правительствэм и УнафэщІым и къуэдзэ - КЪБР-м егъэджэныгъэмкІэ щІэныгъэмрэ щІалэргъуэлъмрэ Іуэхуэмкіэ и министр **Емуз Нинэ** жиІаш щІэпхъаджагъэм и лъабжьэр къыщежьэр эрагъэщІэн мурадкІэ, ныбжьыщІэхэм я Іуэху еплъыкІэр къахутэн папщІэ КъБКъУ-м щеджэхэм я дежи щІэныгъэ зэрыщагъэкІуэкІар. Апхуэдэуи курыт еджапІэм щІэсхэм папщІэ эстремизмэмрэ терроризммрэ щымыгъэІэнымкІэ лекцэхэр зэхагъуэваш. ЦІыхухэм я шынагъуэншагъэр къызэгъэпэщыныкІэ зэфІагъэкІ Іуэхуэхэм хэту, Емузыр тепсэлъыхьаш гъэ кІуэм видеокамерэ 200-м щІигъу зэрагъэувам. Терроризмэр щымыгъэІэн, лъэпкъ, дин зэпэщІэувэныгъэ ныбжьыщІэхэм яку къыдэмыхьхуэн папщІэ Іэщ Іагъэпхэр, дин лэжьакІуэхэр хэту конференцэ зэмылІэужьыгъуэхэр ирагъэкІуэкІаш. Вице-премьерым жиІаш «Къунакъ» проектыр лъэпкъ зэныбжьэгъуныгъэм щІэгъэкъэзыфІ хуэхъуу къызэрилъытэр. Емузым къызэхуэсахэр зэрыщигъэгъуэзамкІэ, гъэ кІуэм хьыбарегъащІэ Іэнатіэхэм терроризмэм пэщІэтыным ехьэлІауэ лэжьыгъэ 1040-рэ утыку кърахьащ. Къыщынэмыщ Іауэ, мы гъэм диным ехьэлІауэ ягъэхъэзыр теленэтынхэм я бжыгъэм хагъэхъуащ.

КЪБР-м и прокурорым и къуэдзэ **Махуэ Артур** къызэрыгъэлъэгъуамкІэ, терроризмэ щІэпхъаджагъэу гъэ кІуэм къыщІагъэщар 93-м щыщІэдзауэ 150-м нэс хэхъуащ. Апхуэдэуи хеящІэхэм цІыху 36-м суд тращІыхьащ. Махуэм къиГъэпсэгъуащ терроризмэм дихьэхэр, ныбжькІэ нэхъ щІалэхэр зэрыарар. Абы нэхъыбэу дихьэхэр ныбжьыкІэ 18 - 25 ныбжьым итхэращ. Апхуэдэуи Сирием щекІуэкІ зэпэщІэувэныгъэм ди республикэм щыщу цІыху 80 хэту къызэрахутар къыхигъэщащ къэпсалъэм.

Махуэ Артур и гугъу ищІащ щІэпхъаджащІэхэр мамыр гъащІэм хэшэжьным хуэгъэпсауэ 2012 гъэм къызэрагъэпэща комиссэм и лэжьыгъэм арэзы ухъузэриимыщІым. ЩІалэгъуалэм дин щІэныгъэ тэмэм зэрабгъэдэмыльымкІэ, абы егъэкъуанш жьлагъуэ институтхэр. Ди республикэм мыльку кьеГъэщІыным пымыщІауэ щылажьэ Іуэхуащ Іапхэм, апхуэдэхэр 800-м щІегъу, лъэпкъ хабзэр, дин щІэныгъэр хэгъэхъуэным я лэжьыгъэр теухуауэ зэрыщымытыр игу къызэреуэр жиІаш. Дин пэжым и хабзэхэм ныбжьыщІэхэр и кІэм нэсу зэрыщымытыгъаэзм къыхэкІыу дин лэжьакІуэхэм я лэжьыгъэр щІагъэхъуэжьажьэ къыхуриджащ къэпсалъэм.

КЪБР-м щыІэ МВД-м и унафэщІым и япэ къуэдзэ **Тату Къазбэч** кІэщІу къытеувыІащ терроризмэмрэ экстремизмэмрэ я лъабжьэр яГъэтУн папщІэ я министерствэм зэфІигъэкІа Іуэхуэхэм. Блэкіа илъэсым кІуриубыдэу хабзэхьумэ Іуэхущ Іапхэм терроризм щІэпхъаджагъэу 120-рэ къыщІагъэщащ, ар процент 42,5-кІэ нэхъыбэщ. Іэгъабэрейм елъытауэ. ЩІэпхъаджагъэ зэрахьэну загъэхьэзыру цІыху 37-рэ къаубыдащ, апхуэдэуи Іэщэ-фащэхэр къытрахащ, экстремизм Іуэхуу ялэжьыр процент 17-м щегъэжьауэ 9-м нэс яГъэмэщІащ. Хабзэхьумэ Іуэхущ Іапхэм я фІыгъэкІэ терроризм къамыгъэхъуу къызэпаудащ. А унэтІыныгъэм нэхъ егупъун папщІэ КъБР-м Терроризмэм пэщІэтыныкІэ комиссэ къыщызэрагъэпэщауэ щолажьэ. ЩІалэгъуалэр терроризмэм димыкъэхьн папщІэ зэфІагъэкІ Іуэхуэхэм ящыщу лъэпкъ, дин щы Іэныгъэм зэрыхуагъасэр, зым адрейм пщІэ хуищу къызэрытджыпхэр гурагъаІуэ зэпытщ.

КЪБР-м Терроризмэм пэщІэтыныкІэ и комиссэм и аппаратым и унафэщІ Унащ Іэ Анзор и къэпсэлъэныгъэм къыхигъэщащ терроризмэм пащІэтыным ехьэлІа Іуэхуэхэр мыльку кІэ къызэпэща зэрымыкъум и зэран къаззрекІыр. Къэралымрэ жылагъуэмрэ зэгъуэгу зэдэлажьэмэ террорым пэщІэтыфыну къызэрилъытэр жиІащ Унащ Іэм.

ЗэІущІэм къыщыпсэлъащ Налшык къалэ администрацэм и унафэщІ **Къуэдзокъуэ Мухьэмэд**, Бахьсэн къалэ администрацэм и Іэтащхэ **Мамхэгъ Хьэчим**, КЪБР-м щыІэ ФСБ-м Терроризмэм ебэныкьмкІэ и къудамэм и унафэщІым и къуэдзэ **Уэлджыр Ратмир** сымэ, нэгъуэщІхэри.

ДЖЫЛАХЪСТЭН Нунэ.

Жылагъуэ советым и япэ зэхуэс

КЪБР-мкІэ МВД-м и деж щыІэ Жылагъуэ советым мы илъэсыщІэм иригъэкІуэкІа и япэ зэІущІэм 2014 гъэм я лэжьыгъэм кьрикІуэхэр щызэхалъхьэжащ.

КЪЭРАЛ кІуэцІ Іуэхуэхэмкіэ министру КЪБР-м щыІэ полицэм и генерал-лейтенант **Васильев Сергей** зэІущІэр къызэІуихри республикэ МВД-м и деж щыІэ Жылагъуэ советым и лажьэхэр хэха хуищІащ. Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэуэхэм я сэбэн зыхэлъ лэжьыгъэ уэзщІа зэрыригъэкІуэкІым папщІэ, абы хэтхэм фІыщІэ яхуищІащ.

- Илъэс хъуащ КЪБР-мкІэ МВД-м и деж щыІэ Жылагъуэ совет къагъэщІэрэщІэжар зэрылажьэрэ. Блэкіа зэманым а институтым иджыри зэ науэ ящІащ щыхуэмрэ полицэм и Іэнатіэхэмрэ зэпызыщІэу зэрыщытыр, - жиІащ Васильевым.

Абы къыдэкІуэу министрым къыхигъэщащ щІыхуэм полицэм къыхуащІ дзыхьыр егъэфІэкІуэныр, жылагъуэмрэ хабзэхъумэмрэ я зэпыщІэныгъэр гъэбыдэным хуэунэтІа я зэдэлэжьэныгъэр нэхъри зэщІагъэуІуэн, Жылагъуэ советым хьыхьэхэр министерствэм и кадр лэжьыгъэм жьыджэру хэтын зэрыхуейр.

Жылагъуэ советым и унафэщІ, Урысей Федерацэм щІыхь зиІэ и артист **Балъкъыз Валерэ** къытеувыІащ Къэбэрдей-Балъкъэрым щІыпІэ МВД-м и Жылагъуэ советыр хэту иригъэкІуэкІа мыхьэнэшхуэ зиІэ Іуэхугъуэхэм. Абы къызэрыхигъэщамкІэ, ахэр 2014 гъэм Іуэхугъэ 90-м щигъуэм хэтащ. Абыхэм ящыщу пропагандэ, социальнэ акцэхэр, «стІол хьурейхэр», министерствэм и унафэщІхэр цІыхухэм щалуцІар.

КЪБР-мкІэ МВД-м и деж щыІэ Жылагъуэ советым 2015 гъэм къыпэщІыт къалэнхэм щытепсэлъыхьым, Балъкъыз Валерэ нэхъыщхьэу къыхигъэщащ - къэралыгъуэ Іуэхуэмкіэ республикэм и органхэмрэ жылагъуэмрэ я зэпыщІэныгъэр нэхъри гъэбыдэныным, Къэбэрдей-Балъкъэрым и цІыхухэм, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм, мыкъэнэшхуэ яІэу я сэбэн зыхэлъхэр зэфІэгъэкІын и Іэныкьуэкіэ къэралыгъуэ Іуэхуэмкіэ органхэм дэлэжьэныр, а органхэр жылагъуэ кІэлъыплъэныгъэм щІэгъэтыныр, министерствэм къИэт нэхъ Іуэху инхэм хэтыныр.

Балъкъыз зэрыщІэ и псалъэмакъым къыпащІэу зэІущІэм кърихьэлІаХэр тепсэлъыхьащ КЪБР-мкІэ МВД-м и деж щыІэ Жылагъуэ советым, къэралыгъуэ Іуэхуэхэмкіэ щІыналъэ органхэм я деж щыІэ советхэм къапэщІыльэ Іуэхуэгъуэхэм.

Къэрал кІуэцІ Іуэхуэхэмкіэ министерствэу КъБР-м щыІэм и пресс-Іуэхущ Іапіэ.

МОЛЭ Артур: «Си псэм фІэфІ Іуэхуэхэм соліалІэ»

Иджыблагъэ Налшык япэу концерт щиГащ уэрэджыІакІуэ ныбжьыщІэ Молэ Артур. Макъ дахэ, щІэщыгъуэ, къарууфІэ зиІэ щІалэм и пшыхьым къриХьэлІахэм ар хуабжьу ягу зэрырихьам и щыхьэтт абы ину Іэгу зэрыхуеуэр. Артур илъэс зыбжанэ хъуауэ Москва щопсэу, абы и щІэныгъэм щыхегъахьуэ, къыхиха Іэщ Іагъэм мащІэ-мащІэуРэ нэхъри хуэІэижь мэхъу. ЩІалэщІэм и зэфІэкІым зэрызригъэжьам, и екъуІэныгъэфхэмрэ мурадхэмкІэ къыддэгуашэмэ ди гуапэу ди хьэщІэщым къедгъэблэгъащ.

- Уэрэд жьІэныр Іэпэгъу зэрыпхуэхьуам и гугъу къытхуэпщІамэ арат.

- Си адэшхуэми си адэми уэрэд жьІэныр зыхэлъхьэ щымыІэу, ар я Іэпэгъуу къекІуэкІырти, сэри сыдрагъэхьэхащ. Ещанэ классым сыщІэсу уэрэд жьІэныкІэ зэпеуэ сыщыкагъэхьам, гурыщІэ ІэфІхэр зыхэсщІат. АфэщІагъуэ 3ое макъамэм дыхуригъаджэри, абы си Іуэхур къыСхуигъадэхэ зэпытт, Іэмал зэрИэкІэ, сытригъэгъушэрт. Апхуэдэдэуэ екІуэкІыурэ 1996 гъэм «ГугъэІ» республикэпсо зэпеуэм си зэфІэкІ щызгъэлъэгъуа иужькІэ, макъамэм сыхуеджэну мурад быдэ сщІащ. 2004 гъэм Гъуэджджэмкіэ Кавказ Ищхьэрэ къралыгъэ институтым сыщІэтІысхьэри, ар къыщызыуха 2009 гъэм Владикавказ срагъэблагъащ, Оперэмрэ балетымрэ я театрым солистуІ илъэситІкІэ сыщылэжьащ. Иджы Москва сыщолажьэ, режиссер цІэрыІуэ Крылов Александр и гъусэу концертхэр догъэхьэзыр.

- Уи пшыхьым зэрыщІытлъэгъуащи, лъэпкъ уэрэдыжьхэр бгъэхамэжъым...

- ЛъэпкъІ уэрэдхэм сыдэзыхьэх куэд яхэтщ, макъамэ ещанэм сыщыщІэмылТысхьэм адыгэ уэрэдыжь фІэкІа жысІэу щытакъым, псалъэм папщІэ, «Іэдиих», «Андемыркъан» уэрэдхэр сызэрыщыкІуэрэ фІыуэ солъагъу.

- АтІэ, иджы адыгэ уэрэдыжьхэр Іэщ Іщ пщІын хуей хъуа?

- Хьэуэ. Сэ ди лъэпкъ уэрэдхэр къыщІэзэгъ щІыпІэхэм щыжьзоІэ. 2000 гъэм Москва щекІуэкІауэ щытащ «Дельфийские игры» фІэщыгъэщІэм щІэт Іуэху дахэ. Абы «Андемыркъан» щыхьэ уэрэдыр щыжьсІати, хуабжьу ягу ирихьат. Абы иужькІэ концерт зыбжанэм щызгъэзэщІати, куэдым ягу ирихьат, уеблэмэ и мыхьэнэр къащІэну щІэупщІахэри къаХэкІат. Концертым уэрэдитІ щыжьсІэн хуейм, зыр Іэмал имыІэу адыгэбзэщ, абыкІэ сэ зыри къысопсэрыуэкъым.

- БгъэзащІэ уэрэдхэм уи Іэдакъэщ Іэкі яхэт?

- Макъамэ сотх, ауэ псалъэхэр къызэхъуліэркъым. Куржы - абхъаз зауэм теуХуауэ си адэм зы уэрэд итхащи, ар жьзоІэ, абы макъамэ щІэзыпхьар сэращ.

- КъалащхьэмщыІэхэр хэгъэгъум щІэзэхэм къаззрыкуІытым, абыхэм ди щэнхабзэр, хабзэр къаззрыщІыхьум теуХуауэ сыт къыджепІэфын?

- Ди жагъуэ зэрыхъунщи, ди хьыбарыфІу я бзэгупэм телъым нэхърэ хьыбар мыхъумыщІэу зэхахьр нэхъыбэщ. Ауэ сэ гу зылъыстараци, КІуэтэхуКІэ, нэхъ гъунэгъуу дыкъащІыхуу абыхэм къытхуэІэ щытыкІэр нэхъыфІ мэхъу.

- Ди республикэм япэу утыку укъыщыхьауэ араш, ар уи дежкІэ зэрыщытыным шэч хэлъкъым, сыт хуэдэ гурыГъуэ гурыщІэ къыхэпха абы?

- Москва, Санкт-Петербург, нэгъуэщІ къалэ куэдми утыку сыкъыщихьащ. ЦІыхухэм я пащхьэ уцИхьэкІэ, умыгузэжи плъэІыкъым. Ауэ укъыщалъхьуэ, укъыщацІыху щІыпІэрщ нэхьыбэу ущыгузавэр, абдеж уи жэуаплныгъэр нэхъ иныж щохъу. Си анэшхуэм гукъеуэ иІэщ си концертыр адыгэ уэрэд защІэу зэрыщымытым щхьэкІэ. Абы и Іуэху еплъыкІэр дэзыгуэшынхэри зэрыщІэр сощІэ. Ауэ адыгэбзэкІэ уэрэд зыбжанэ фІэкІ жьзмыІэмэ, абы къиКІыркъым си лъэпкъыр фІыуэ сымылъагъуу, си Іуэху зесхуэр си къуэхым зезгъэужьныирщ. Хамэбзэхэр абыкІэ Іэмэпсымэфщ, лъэпкъхэм я щэнхабзэм и фІыпІэр яхъэхкъуэзыкІыну сызыщІокъу.

- Макъамэ Іэмэпсымэхэм щыщу сыт хуэдэхэр пхуэгъэІурыщІэрэ?

- Пианинэр, гитарэр, саксофоныр.

- Уэрэд жьІэным къыщынэмыщІа иджыри сытым удихьхэрэ?

- Сурэт щІыным. Художественнэ училищэм сыщІэтІысхьэну сыхуейт, ауэ си адэкъуэш Молэ Владимир и чэнджэщым седэІуащ. Нэхъыбэу сурэт щІынырт сыдэзыхьэхьр. Зэгуэр, зэман нэхъыбэ сыщІэ, си щІэныгъэм зезгъэужьыну си мурадщ. Абы къыщынэмыщІауэ, архитектурэ, дизайнер Іуэхуэмэ сыдахьэх.

- Мурад пыуэкІарэ къалэн гуэррэ зыхуэзэмыгъэувыж щыІэу къыщІэкІынкъым. Ди гуапэ хъунут ууейхэм дащыбгъэгъуэзамэ.

- ГъащІэр гъуэгу куэду зэхокІыж. Си щхьэкІэ мурад згъэтІыгъуэу сыщысыкъым, нобэрей махуэкІэ сопсэу, махуэм къыпыкъыфыр къыпызох, сэ естыфынури изот. КъэкІуэнум ехьэлІауэ сыпсалъэмэ, нобэ хьэрычэт сщІырщ пщэдей берычэт къызэытынур. Си псэм фІэфІ Іуэхуэхэм соліалІэ, къызэхъулІэр изогъэфІакІуэ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым сызэрыщымыпсэур къызэзудэкІи щыІэщ, ауэ абыхэм ящІэркъым си гур сытым дежи ди республикэмкІэ къеГъу сызэрыпсэур, зэрыжьыСІащи, уи пІэм уиуджыхькІэ зыужьныгъэ бгъуэтынукъым. Уи лъэпкъыр ебгъэфІэкІуэн папщІэ Іэмалыщ Іэхэм ущыгъуэзэн хуейщ, арыншэмэ къохъулІэныІакъым. Дауи, Къэбэрдей-Балъкъэрым ущыпсэуну, и щІыуэпс, хьэуа кьабзэ ухэтыну уасэ иІэжьым, ауэ зэкІэ апхуэдэ Іэмал сиІэкъым.

- Уэрэд жьІэныр, макъамэр зи Іэщ Іагъэ хъуа ныбжьыщІэхэм ящыщу урысейпсо хуэту ипшэ хъун диІэу ясІэлъыпэтэрэ?

- Яхэтщ, ди гуапэ зэрыхъунщи. Абыхэм ящыщу Къэбэрдокъуэ Мурат, Абэнокъуэ Рустам, Къуэдзокъуэ Къэралбий сымэ, нэгъуэщІ куэди. Абыхэм ди лъэпкъым и цІэр фІыкІэ кърагъэІуэну уащцигугъ хъуну къызолытэ.

- Уэрэджьы Іакі уэ хъуну щІэхъуэпс ныбжьыщІэ куэд диІэщ. Апхуэдэхэм сыт хуэдэ чэнджэщ ептынт?

- ЦІыхум и гум къыщІэ Іэщ Іагъэм, адэанэм къыпхуагъэдахэ Іуэхум ижь уитын хуейщ. БлэкІами къэкІуэнуми я жьауэ ущІэмыту, нобэрей дыгъэм и хуабэр зыхэпщІэфу упсэумэ, абы щыблэжьым уегугъэмэ, зумыгъэхъулІэфын зыри щыІэкъым.

Епсэльар **ЩОМАХУЭ Залинэщ.**

Куржы-абхъаз зауэм теухуауэ Артур игъэзащІэ уэрэдыр ди гуапэу фи пащхьэ идолъхэ. Псалъэхэр зейр **Молэ Зауэрбийщ.**

Нартыжь щІыналъэу хы Іуфэм
Ди къуэш абхъазхэр щоунэ,
Пшэ фІыщІэу хуэзхуэфэм,
Япэувахэщ мышынэу.

Ежьу:
Ей, маржэ хъунхэ, фыкъимыкІуэт!
Фи лъахэ фхъумэу араш.
Хуит фыхъужьнущ, дынывдэщІынущ,
Адыгэ лъэпкъыр дыфкъуэтщ!

Абхъаз сабий зыгъэгъыфхэр
Ингури адэкІэ щогыз.
Адыгэ джэгум и макъыр
КъыщоІур Сыхъум ауэ.

Дыгъэр къарууэ къыфхуопсыр.
Псыри гъунапкъэу йожэх.
Дуней жэнэтырщ фи лъахэр,
Мамыр сэламыр фыдох.

Щрет хъуэпсапІэу Кавказыр!
ЩытхъумэжьфУ ди бын,
Мурад жагъуэгъуэхэм къытхуаІэр
МэскъалкІи тхуэмышэчын.

Тхьэмокъуэ Миланэ и вагъуэ

● Студент гъащІэ

ЩІышылэм и 26-м, Урысейм и студентхэм я махуэм, Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым «Мисс студенчество КБГУ - 2015» тхьэІухуд зэпеуэ щекІуэкІащ. Зэпеуэм хэтыну зыхуагъэфэща пщащІыбым къахэпхынур умыщІэу зэкІуэкІ, ауэ пщащІэ щІыкІафІэр, гъэсар, акъылыфІэр, зэфІэкІ зиІэр зэхьэзэхуэм къигъэнэІащ.

ПЩАЩІЭХЭМ я гуакІуагъэр, теплъэ зэкІуэ зэраІэр наІуэ ящІащ дизайнмкІэ колледжым щеджэхэу Варакащ Саидэ, Гъгъуэт Марианнэ, модельер Байрамуковэ Зайнаф сымэ яда бостей екІуэжмкІэ. Абыхэм я акъылым и жанагъымрэ зэрыІущыщымрэ ди фІэщ ящІащ бэрэбанэ кІэраХуэм къраха упщІэхэм жэуап щратым.

Псом нэхъ гъэщІэгъуэн хъуар пщащэ цІыкІухэм я зэфІэкІхэр щагъэнаІуэ зэпеуэрт. А Іыхьэм уэрэд щыжаІэн, усэ хъыщеджэн хуейт.

Къэпщытакіуэ гупым хэтахэм ящІэзграгъэлъэгъуамкІэ, пщащэхэм акъылкІи, зэфІэкІкІи, гуакІуагъэкІи еФІэкІар КъБКъУ-м Къулыкъущ Іапіэхэм Іуэху зэрыщащІэхэмкІэ, маркетингым я туризмэмкІэ и институтым и 4-нэ курсым щІэс Тхьэмокъуэ Миланэщ. Япэ вице-мисс хъуар **Теммоевэ Саидэщ** (Правэмкіэ, экономикэмрэ финансхэмкІэ институтым и студентщ). Пэшым щІэсахэм нэхъ ягу ирихьауэ къагъэлъэгъуар КъБКъУ-м и математикэ факультетым щеджэ **Къущхьэ Іэсиятщ**.

Зэпеуэм и кІэухым проректор Къумыкъу Іуэес администрацэм къыбгъдэкІуу пщащэхэм саугъэтхэр яриташ.

ДЗЭГЪАЩТЭ Нусэ.

Зэ ин сыхъуу адыгэбзэкІэ сыпсэльащэрэт.

Тхэн щІэзыдзагъащІэхэм я адыгэ сайт

● ЩІэ

Гъэ кІуэм Интернетым къыщыунэхуащ Хьэх Сэфарбий зи унафэщІ «Шыхулъагъуэ» литературэ хасэм хэтхэм я сайт. Ар зи жэрдэмри къыззэгъэпэщари илъэс куэд щІауэ хасэм хэт Бэрбэч Алъсэнджэрийщ.

САЙТЫР къызэригъэпэщын хуей щІэхъуам и щхьэусыгъуэу абы къегъэлъагъуэ иджырей щІалэгъуалэм ар зэхуэсыпІэ, зэпсэльапІэ, зыкъэгъэлъэгъуапІэ зэрахуэхъуар, кьищынэмыщІауэ, усэ, рассказ зытххэм Интернетым нэхъ тынш зэрыщагъэлъэгъуэфыр. «Шыхулъагъуэм» хэтхэм зэгъуэгу къыдагъэкІа сборникэхэр тхылъ щхьэхуэхэмрэ ущеджэ хъунущ сайтым. Адыгэ псалъэжьхэр, таурыхъхэр, уэрэдыжьхэр куэду щызэхуэхьэсащ абы. ЩІалэщІэм щхьэх имыщІэу сайтым щІэщыгъуагъэ зэрыхилъхьэным иужь итщ. Абы ит тхыгъэхэр къызэрыпщыхъуамрэ и щыщІэныгъэу къэпльытэмрэ жыпІэ хъунущ. Сайтыр зэрылэжьа пІалъэм къегъэлъагъуэ абы щІэупщІэ зэриІэр, щІэджыкІакІуэхэр Интернетым къыщагъэлъагъуэ тхыгъэхэм къызэрыпджжыр. КІуэ пэтми напэкІуэщІым и ныбжьыгъухэм кхахохъуэ, уеблэмэ хамэ къэрал щыпсэу адыгэхэмэ ар къащІыхуащи, яфІэгъэщІэгъуэну кратархэхэм йоджэ.

«Сыт мы сайтыр зыхуащІар, сэбэн зэрыхъуфынур? А упщІэм и жэуапыр мыраш: дэтхэнэми сайтым дзыхьэхьи къыщыгъэтыфынущ, щхьэж фІэхьэлэмэтым щыхуэзэнущ. Нэхъапэм сайт щыкІуу, тхакІуэ, усакІуэ ныбжьыщІэхэм ятхахэр щызэхуэхьэсауэ щытыну кьежьами, иджы къызэщІиубыдэр нэхъыбэ мэхъу. Пэжщ, дызэрыхуейм хуэдэу сайтыр иджыри хъуакъым - ар щІэщ, куэдыр щыгъуазэкъым», - къыддогуашэ Алъсэнджэрий.

«Гъэзгу техьэ къытенэркъым», - жеІэ адыгэм, Бэрбэч Алъсэнджэрий иригъэжьа Іуэху дахэм гъэзгу зэригъэтынум шэч къытепхэ хъунукъым.

НыбжьыщІэхэр Интернетым зэритхэхьэум куэд иригъэзэми, абы уи сэбэп къызэрыхэпхыфынум и нэщэнэщ адыгэбзэкІэ лажьэ сайтыр.

Адыгэбзэкіэ усэ, рассказ, таурыхъ зи Іэдакъэ къыщІэкІ ныбжьыщІэхэм я тхыгъэхэр ирагъэхь хъунущ - mail. lithasa.ru Интернет хэщІапІэм.

ИНЭРОКЪУЭ Данэ.

Унагъуэ хуэмыщІахэм къахэкІахэм гулъытэ щхьэхуэ хуащІ

Зыуэ щыт къэрал экзаменым щыхуагъэхьэзырынущ пкІыгъэм (чеканка), дыщэкІым, нэгъуэщІ Іэщ Іагъэ куэдми ныбжьыщІэхэр щыхуагъэсэнущ. Къалэн куэд щагъэзащІэ щІалэгъуалэ центрым (иджыблагъэ абы и хэщІапІэр ихъуэжащ).

- ИлъэС пщыкІуий - щэщІ ныбжьым къриубыдэхэм папщІэ дерс псори пщІэнщэщ. Дэ гулъытэ хэха худощІ унагъуэ хуэмыщІахэм къахэкІахэмрэ гъащІэм щытыкІэ гугъу иригъэувахэмрэ, - жеІэ Іэхущ Іапіэм и унафэщІым и къалэнхэр зыгъэзащІэ **Азубэч Азэмэт**.

- Иджы Іэхущ Іапіэм хэщІапІэщІэ къызэрыратам и фІыгъэкІэ тренажер зыщІэт пэш, лъэпкъ къафэхэм папщІэ пэш щхьэхуэхэр яхухэтхыну Іэмалыфі диІэ хъуащ. Апхуэдэуи абыхэм лъэпкъыбзэхэмрэ хамэ къэралыбзэхэмрэ щрагъэджынущ, психологым и пэш хэтынущ центрым. Психологэр, ныбжьыщІэхэм къызыщынэмыщІауэ, адэ-анэхэми ядэлэжьынущ. Адэкіи дэ пытщынущ «ТекІуэныгъэ-70» урысейпсо акцэхэм хэтыну волонтерхэр къыхэхьыным.

Азубэч Азэмэт къызэрыпщІэмкІэ, Іэпщэрылажьэ Іэнатіэхэм я пщІэр Іэмал имыІэу къэІэтыжын хуейщ. Псалъэм папщІэ, автомашинэ фІыуэ зыпІаГъу ныбжьыщІэхэм папщІэ машинэ зэралэжьым щыкурагъаджэ дерсхэр къызэІуахынущ. Апхуэдэуи ныбжьыщІэхэм пкІыгъэ, пхъащІэ, дыщэкІ Іэщ Іагъэхэм зыщагъэсэнуаэмэ хъунущ.

- Дэ быдэу ди фІэщ мэхъу ди Іуэхущ Іапіэр ныбжьыщІэхэм я зэхуэсхэм къызэрыпщІэ зэрыхъунур, - жеІэ Азубэчым. - Зи щІалэгъуэ псоми ди бжэр яхуэзэІухащ.

Къалэн куэд щагъэзащІэ щІалэгъуалэ центрым и хэщІапІэр: **Налшык къалэ, Захаровым и щІэр зезыхьэ уэрам, №66.**

ТЭРЧОКЪУЭ Дисэ.

● Хъыбар

МылІамэ, лІы хъунт

Хъыбарыр къыщыхъуар лІэщІыгъуэ блэкІарщ. Урыс-Кавказ зауэжьыр екІуэкІырт. Къербэч абазэхэ щІалэт, зауэлІ цІэрыІуэти, и лІы гъэм фІыуэ щыгъуазэ биИхэм ялъэкІыртэкъым абы текІуэн е зэкъуэхуауэ къаубыдын.

АРАТИ, биИхэм мурад бзаджэ ящІ, гъэпцІагъэкІэ щІалэр ягъэкІуэдыну.

Мыхьэмэтышхуэ и къуэ Къербэч зыдэс къуажэм биИхэм кърамыкуфу, я гъунэгъу къуажэ Къаанием, Цхьэгуащэ и Іуфэ Іусым, тоуэ. Я гъунэгъу гъэзвгъуэм хэхуауэ Къербэч я къуажэ зэрыдэмысынур ящІэт биИхэми, лъагъуэ щэхум фочауэ закъуэ яГъэтІыс. А зэрагугъам хэдэ дыдэу Къербэч «Сэ сыдэсу жылэр зэтрезгъэуІэкІынкъым!» - жиІэри щІэпхъащ.

ЩІалэр биИхэм яхуоІ, я дзэзешэр яхеукІыкІри, кьэнар лъагъуэ закъуэ Щхьэгуащэпсыхъуэм трекъуэдие. И шыр лъагъуэм тригъэтІуауалъхьри, зыкъомрэ зэуауэ, кьэрабгъэщІыкІэу щІыбырыуэу щэдзыр къоуэри, хьэлъэу къеуІэ.

Ажалышэр хэлъу я деж къахьыжа щІалэм мылІэ щІыкІэ зэ къыІуплъэжьну и адэ МыхьэмэтышхуэУ къыщІыхьэну щІэзэхихым, Къербэч щІыльу и адэм и пащхьэ къимыхутэн папщІэ, бгыкъум кІапсэ ирыригъэдзащ, ар и блэгъащІитІым щІригъэшари, зэфІэтыну зригъэпхащ. И адэр къыщІыхьэри, хьэдрыхэ гъэзгу тет и щІалэм нэкІэ къегуэпащ.

- Хъуакъым ар, си щІалэ! Упсэуамэ, лІы къыпхэкІынут! - жиІэри МыхьэмэтышхуэУ щІэкІыжащ. Къербэч къыкІэрахьжу пІэм зэрагъэгъэпъыжу, и псэр зэкІащ. Къербэч и адэ и пащхьэ дзэ къэна, нэхъыжь гуэрми щысу къиІуэгъуэтэкъым. Арат и щытыкІэмкІэ емыкІу имыІэжми, щылъу и адэм зыкъыщІримыгъэлъэгъуар.

МыхьэмэтышхуэУ и щІалэр имыІэжу щІэзэхихым, гъэным зыщигкІэупщкІри, ар щэхуу игъэІащ, ауэ жэмыхьэтыр къыщыдзэхуэсам, абы и нэпс кІапэ зыми иригъэлъэгъуакъым.

Арат адыгэхэм хабзэм, лІыгъэм мыхьэнэуэ ирату щытар, я нэмыс лъагэр зэрахъумэр!

ШЭРДЖЭС Алий.

Тхыгъэхэр зыгъэхьэзырар ЩОМАХУЭ Залинэщ.

● Текіуэныгъэ-70

Ялтэ щекІуэкІа зэІущІэм тхыдэм къыхина лъэужь

Махуи 8-кІэ Кырымым щекІуэкІа конференцым (1945 гъэм мазаем и 4 - 11-хэм) Гитлер и бийуэ зэкъуэува къэралышхуиущым и унафэщІхэр щызэгурыІуащ зауэм и ужькІэ Европэмрэ КъуэкІыпІэ Жыхьэмрэ къэралхэм щІэныгъэ гъунапкъэхэмкІэ, ООН-р дунейпсо хьэкумэщІу къалъытэныжмкІэ, нэгъуэщІ Іуэху куэдымкІи. Икіи, Іейми фІыми, дунейр лІэщІыгъуэ ныкъуэкІэ псэуащ абы щаубзыхуа хабзэхэм тету.

Сталиным щхьэусыгъуэ ещІ

Кырымым щрагъэкІуэкІыну зэІущІэм илъэс ныкъуэ хуэдизкІэ зыхуагъэхьэзыращ. ЯпэщІыкІэ, 1944 гъэм бадзэуэгъуэм и 19-м, Рузвельт Сталин зыкъыхуигъэзащ: «Іуэхуэкр псынщІэ дыдэу зэрекІуэкІым кыхэкІыу Уэ, премьер-министрыр, сэ дызэхуэзэну - сфІэкъабылщ». Мыгувэу апхуэдэ дыдэу тхыгъэкІэ Черчилли зыкъыхуигъэзащ. Президентымрэ премьерымрэ кьыхалъхьэрт зэІущІэр «Шотландием и ищхьэрэ лъэныкъуэм и щІыпІэ гуэрым» щрагъэкІуэкІыну.

Ауэ Сталин щхьэусыгъуэ ищІащ зауэ Іуэхуэхэм зэрыхущІамыгъэхьэр икІи щІыпІэ жыжьэхэм кІуэну дохутырхэм къыздэкІуамыдэр. Дипломатхэр зэгурыІуащ 1944 гъэм и щэкІуэгъуэм СССР-м и тенджыз ФІыцІэ Іуфэм щызэІущІэну, ауз иджы Рузвелт лъэІуащ зэІущІэр США-м щекІуэкІыну президент хэхыныгъэхэм (щІыпІылэм и 20-м) и ужькІэ къэзрагъэпэщыну. КІэухыу зэгурыІуащ 1945 гъэм и мазаем Кырымым щызэхуэзэну. Сталин мыбдеж стратегие ефІэкІыныгъэ щиІэт. Езым и уэр щызэІущІэрт, ди дзэхэр километр 60-кІэ Берлин пэгъунэгъу хьуат, адрейхэр абы километр 500-кІэ пэжыжьэт.

Зи кьалэхэр зэхэкъута, зи къуажэхэр ягъэса хьтІыгъуа мазитІкІэ (дыгъэгъазэмрэ щІышылэмрэ) лэжьыгъэшхуэ дыдэ щрагъэкІуэкІащ. Кырымым псэуэнапхъэу, Іэмэпсымэу, унэлъащІэу вагон 1500-рэ яшащ. Абы ягъэкІуащ НКВД-м и къарухэм ящыщу полки 4, НКВД-м и лэжьакІуэу 1200-рэ, цІыхуи 120-рэ зыхэт мотоцикл ротэ. Конференцыр екІуэкІыукІэ лІыкІуэхэм я хэщІапІэ хьащІ Ливадие, Воронцов, Юсупов унэ уардэхэр.

Парк, гъэзэгу псори кьагъэщІэрэщІэжащ. США-мрэ Инджылызымрэ я лІыкІуэхэм автомобиль псынщІэу пщыкІутху-пщыкІутху, «Виллис» тІощІ-тІощІ, ихьэлъэшэзу тхурытху хухахащ. АТС псоми ирагъэбыдыдлІащ инджылызыбзэ зыщІэ лэжьакІуэхэр. Унэхэм яшащ ерыскъы хэплъыхьахэр, шагъыр, пхъэщхьэмыщхьэхэр. ЩІакхъуэгъэжьапІэ кьызэІуахащ, хьэщІэхэр бдзэжьей щещэну щІыпІэхэр кьыхахащ. Конференцыр щылажьэ зэманым Москва пьщІауэ щытын папщІэ кхъухьлъатэ 10 ягъэжІуащ. Сталиным щхьэхуэ-щхьэхуэу пщэрыпЪ ящищІэр ягъэззэщІэну хьэзырт авиацэм и генерал-майор Грачеврэ полковник Асафьевымрэ я кхъухьлъатэхэр.

Инджылызымрэ США-мрэ я кхъухьлъатэхэм хухахащ Саки аэродромыр. Пшагъуэ кьытрихуэмэ, ахэр кьыщІтІыс хьунут Сарабуз, Геленджик, Одессэ.

1945 гъэм мазаем и 4-м сыхьэт 17-м Ялтэ (Ялтэ) конференцым и япэ зэІущІэр кьызэІуахащ.

Борщыр Рузвельт къыхех

ЗэІущІэр зэрекІуэкІым кІэлъыплъырт илъэс 17 зи ныбжь хьыджэбз дахэ дыдэ, сабий унэм щапІа Шульгина Евгение, Ливадие унэ уардэм Іэнэзехьэу щылажьэр. Ар дзэ сымаджэщым и мастэхэІут.

- Госпиталым и гъусэу сэ Актюбинск сыкьикІри Ялтэ сыкІуат ар хуит кьызэращІыжу, - къеІуэтэж Евгение. - Си ІэщІагъэр схъуэжьну си мурадтэкъым, ауз си гъащІэм зэуэ зыкъызэридзэкІащ. Хьыджэбзитху дыхъуу драджэри, кьыджаІащ Іэнатіэшхуэ зиІэ лыкІуэхэм я Іэнэзехьэу дахуэлэжьэну дзыхь кьызэрытхуащІар. Псоми Іэ трыдагъэдзащ щыгъуазэ дызыхуэхъуну щэхуэр хэІущІыІу дымыщІынуу. Ауэ хэІущІыІу дамыщІынур кьыджаІакъым. Ар ди дежкІэ телъыджэт: дэ уІэгъэхэр тхуэпхэрт, ауэ Іэнэр зэрыухуэн хуеим зыри хэтщІыкІыртэкъым. Псоми дыхуиІэсащ Кремлым щылажьэ цІыхубзым.

Ялтэ къэкІуэну лІыкІуэхэр хэтми хьыджабзхэм кьыщащІар мазаем и 3-м и пщыхьащхьэм Рузвельт зи пашэ американхэр кьэкІуа иужьщ, ЗэІущІэ нэхъыщІхьэхэр зэрыщІагъэкІуэкІым и мызакъуэу, Ливадие унэ уардэр США-м и президентым и хэщІапІэт. Ар бысымхэм абы ираха цІыхугъэт. Полиомиелит нэужьым Рузвельт и лъакъуэхэр кьыдзбзыкьыртэкъым, гу цІыкІум исын хуей хьурт.

Дэтхэнэ хьумакІуэ Іэнатіэм цІыхуиц пэрытт - совет, американ, инджылыз зауэлІхэр. Илъэс 17 зи ныбжь Женя псом хуэмыдэу телъыджэ щыхъуащ метритІ зи лъагагъ негр абрагъуэр. Абы Рузвельт зэрыс гу цІыкІур дкІуеинІэхэм зыуи кьыщІмыхьэу дрихьеирт.

Зауэ зэманым тепщІыхьмэ, хьэщІэхэр хуабжьу хэплъыхьауэ икІи Іофіу ягъэшхэрт. Урыс цхьыныгъэхэри хутрагъэувэрт. Рузвельт хуабжьу игу ирихьат урыс борщ пІащІэр.

УнэлъащІэхэр Москва къраш

Зазвонов Иван яхэтащ 1944 гъэм и дыгъэгъазэм «лэжьыгъэ Іэхуэкіэ» Кырымым ягъэкІуа совет зауэлІхэм. Абыхэм къапэщытт мазэрэ ныкъуэм Алупкэ, Кореиз, Ливадием и паркэмрэ гъуэгуэмрэ, унэхэр зыхуей хуагъэзэну.

«Дэ зыри хэтщІыкІыртэкъым Москва дыкъращу километр минрэ щитхукІэ тпэжыкъэ тенджызэ Іуфэм дыщІашэм и щхьэусыгъуэм, - игу кьегъакІыж Иван. - Дыгъэгъазэм и кІэм дунейр зэуІэпишэу уэфІт, хуабэр градус 16 хьурт. Дэ дыщІагъэтІысхьащ къатитІу зэтет унэм икІи ипэ махуэм ди гугъу къащІакъым. ПщІантІэр зэпъыІудагъэхьыу щІэддза иужькІэщ зыгуэрхэр дигу кьыщІыкІар. Ауэ, пэжщ, ди унафэщІхэми зыри кьыджаІэртэкъым: абыхэм езыхэми ящІэу кьыщІэкІынутэкъым Іуэхур зыІутыр.

Зазвоновымрэ абы и ныбжьэгъуэмрэ Воронцовыми и унэу щытар ягъэкъабзэрт. УнэлъащІэхэр Москва кърашырт. Аэрэ кьалащхьэм и «Савой», «Национальэ» хьэщІэщхэм ейт. Конференцым щИдзэным махуэ зыбжанэ иІэжу кьакІуэу хуежьащ Инджылызым кьикІа связистхэр, шоферхэр, Іэпыдзлъэпыдзхэр. Урыс-хэмрэ инджылызхэмрэ фІыуэ зэхущытт.

«Зауэр и кІэм зэрыныбэлэгъар зыхэпщІэрт. ХьэщІэхэр фэепль тыгъэ хуейт. Ауэ дэ сытыт абыхэм ептыфынур, ди вагъэ цІыкІухэм нэмыщІ? - къеІуэтэж Зазвоновым. - Лей диІэжтэкъыми, ахэр зэкІэ дызыхэмей пыІэхэм кьахэтхырт. Мыпхуэдэ дыхьэшхэн къэхъуауэ сощІэж. Дыдейм кьыбгъэдыхьэри, инджылыз сэлэтыр кьыкІэрыхьыжащ: «Презент, презент». ИтІанэ и джанэм кьекъури, зы щІыІу кьричащ: «Презент!» Абы тегъэуа вагъуэ цІыкІурт презентыр. Абы щыгъуэ а псалъэм кьикІым щыгъуаз эр машІэ дыдэт.

«Дэ телъыджэ тщыхъуащ взводым и унафэщІым и дзІэпыкъуэгъу Лебедевым кьыджиІэжар - ар инджылыз сэлэтым и гъусэт. Иужьрейр и Іэнатіэ щІэпэрытым деж шэнтым тес хьурт! Абы инджылызыбзэр кьызыгурыІуэ Лебедевым къыжриІэрт езы Черчилль кьыщыкІуэкІи къэмытэджми хьуну - я демократиер апхуэдэт. Дэ апхуэдэ ди нэгу кьытхущІэгъэхьэртэкъым».

Дыдейхэр сыхьэти 6-кІэ щытт, апхуэдизкІэ загъэпсэхурти, аргуэру сыхьэти 6-кІэ я Іэнатіэм пэрыувэжырт. Жэщ-махуэ нэужьым сыхьэт 12-кІэ загъэпсэхуну хуит ящІырт.

"Унэ уардэр тщэрхъым"

Илъэс 70 зи ныбжь Черчилль, Мальтэм щыІэ «Лука» аэродромым «Скаймастер» кхъухьлъатэмкІэ мазаем и 3-м и жэщым кьилъэтыкІри, Кырымым кьыщетІысэхащ етІуанэ махуэм и щэджагъуэм. Рузвельт къэсыным пэпльэу зиІэжьащ. Ялтэ щыІэ ми, Сталинрэ аэродромым кІуэкъым. Президентымрэ премьерымрэ къагъэблэгъащ нэгъуэщІ къэрал Іуэхуэмкіэ нарком Молотовым, абы и къуэдзэхэм, апхуэдэу адмирал Кузнецов, СССР-м и лІыкІуэхэу США-мрэ Инджылызымрэ щыІэ Громыкэрэ Гусевымрэ. Президентымрэ премьерымрэ я гъусэт япхъуэр - Аннэрэ Сарэрэ.

Саки къикІыу Ялтэ щыкІуэм Черчилль кьыщыуцыжІащ. Симферополь и деж. Виски стэкан иригъэжэхыу зы сигарэ трифхыьыжа иужь ежьжащ. ИгащІэ псом ар мы хабзэм тетащ: «Махуэ къэс сигари 5 - 6 ефэн, виски стакани 3 - 4 егъэжэхын, физкультурэ Іуэху гуэри хэмытын!» Премьерым сигарэр зэи жьэдмыхьыу жьпІэ хъунут. Сахуэр щрикъуэхьрт дэнэ дежи. МацІэкІанэр Іуярылъу щІэлурихкІэ и джанэрэ гъуэнщэджрэ пхригъэскІырт. И щхьэгъусэ Клементинэ, уеблэмэ, джаэ нэмыщІкІ Іув тридэрт, иримыгъэсын папщІэ. Премьерым сигарэ ефэн къиГъанэртэкъым хэт щхьэкІи.

Мазаем и 3-м къыщыщІэдзауэ 11 хъуху Черчилль Воронцов унэ уардэм щыпсэуащ икІи абы апхуэдизкІэ итхьэкъуати, Сталиным ЖриІащ сыт хуэдиз ахъшэкІи ар ищхэну хьэзыру. Ауэ Сталиным абы мыпхуэдэ жэуап иритыжащ: «Унэ уардэхэр зейр сэракъым, атІэ совет цІыхубзрщ».

ЛЬВОВСКИ Майкл.
«Российская газета»

● Гъавэ

Езыхэми нэгъуэщІхэми

Ставрополь краим и мэкъумэщышІэхэм нэгъабэ гъавэ бэв кьрахьэлІащ - тони мелуани 8,8-рэ. Абыхэм я нэхъыбэр Австрием, Армением, Азербайджаным, нэгъуэщІ къэралхэми ирагъэшащ.

ЩІЫНАЛЪЭМ мэкъумэш хозяйствэмкІэ и министрым и япэ къуэдзэ Егоров Василий и псалъэхэм ятепщІыхьмэ, гъэзу кьрахьэлІам щыщу мы зэманым крайм кьыхуэнэжар мелуанищым щІегъу. Абы Ставропольем щыпсэухэр щІакхъуэхэкІыу ярикъунуц. Гъавэм кьыщІахаахъшэмкІэ жылапхъэфІхэр, мэкъумэш техникэ нэгъуэщІ Іэмэпсымэхэр кьащэху. Аращи, крайм щыпсэухэр щІэгъэзвэн щыІэкъым.

А министерствэ дыдэм кьытахэм япкъ иткІэ къэдгъэлъэгъуэнщи, нэгъуэщІ къэралхэм нартыхуи, хьэи, горохи, зэнтхъи, сэхуани, рапси, нэгъуэщІхэри иращэ.

«Аргументы и факты».

● Телъыджэ

Илъэс 200 псэуфыну?

Минск щыщ Циперович Яков 1979 гъэ лъандэрэ и напІэр зэтрилъхьакъым.

ИЛЪЭС 26-рэ зи ныбжь Ящэ и фызыр кьигъэгубжьати, шагъыпм дзыгъуэзыуэ зэрагъалІэ щхъуэх хикІутэри, иригъэфащ. Реанимацэм и дохутырхэм ар телІыкІауэ кьалъытащ. ЩІалэр «адрей дунейм» щыІащ сыхьэт псокІэ. И щхьэкусыр жьы хуейт дакъикъэ зыбжанэкІэ. Къэпсэужауэ зыкъыщІэжьыхукІэ тхьэмахуэ дэкІащ. Сымаджэщым кьыщІэныжьащ нэгъуэщІ хъуауэ - ар жеиф-фыртэкъым.

- Япэщыкіэ си гугъащ псори зэфІэувэжыну, - кьыщыІэжиІащ Яков и фызыщІэр и гъусэу иджы щыпсэу Германием и Халле къалэ щыкІым дэт шхапІэ щыкІум. - Ауэ иужькІэ сышынащ: гъуэлъыпІэм сызэрыгъэуэлъу зы кьару гуэрым сыкъызэрфІегъэувэж.

Яков и пащхьэм итщ псы кьабзэ зэрыт стэкан. ЕрыскъыкІэ зыхуосакъыж, йогэм дехьэх.

- Иужь илъэсхэрщ тІэкІу сыщхьэкъуэу хуэдэу зыщегъэсэфар. Ауэ ар зы кІэм жейм ещхьыкъым. Сэ зэхьэох икІи сольагъу гъунэгъуу щекІуэкІ псори: телевизорыр лажьэми, шейнычыр кьэкъуалъэми. Илъэс дапщэ кьыізэпІэтыр?

- Илъэс 35-40 ухъуу кьыщІэкІынщ.

- 62-м сыщІегъу! Си зы щхьэщ нальи тхъуакъым! Сэ абы гу лъыстащ си классэгъуэу щытахэм сащыхуэзам. Абыхэм я нэкІуэр зэлъащ. Сэ илъэс 30 хьуауэ зыкІи зысхъэжыркъым.

- Умыжеиныр хьэлъэщ, зиунагъуэрэ!

- Ауэ сыт хуэдизэ зэман кьыпхудигъахуэрэ! ЖэщкІэрэ тхьылъ соджэ, усэ сотх, Интернетым сыбгъэдэсщ. Сыкъыщ1окІри кьызоклІухь. Сэ абы сесэжащ.

Зыгуэрхэм жаІэнкІэ хъунущ Циперович иригъэлейуэ икІи щыщхьэгъуэхэм деж Іурихьу. Ауэ цІыху телъыджэм зригъэпльащ жеиным егъэщІылІа Іуэхуэхэмкіэ нэхъ Іэщ1агъэлІ Іэзэ дыдэ профессор Вейн. Санкт-Петербург дэт щхьэкуцІым и институтым щыІащ. Дэни щызэхэкІар зыщ: сыт и гъэныкьуэкІи узынищ.

- Сэ узыгъэжей хущхъуэ куэд дыдэ сефащ, - пещэ Яков, - иужькІэ сыхэтащ си Іэпкъльэпкъыр езгъэшыну, зыри къикІакъым. Журналист куэд кьыстетхьыхащ, стеуухуэу документальнэ фильм 70 ягъэуващ. Дэтхэнэми илъэс 200-кІэ сыпсэуфынуж ІэІэ. Сэ абы зыхузогъэхъэзыр. 2150 гъэм дызэхуэзэжынщи, аргуэру дызэпсэльэнщ.

СНЕГИРЕВ Юрий.
«Российская газета»

НапэкІуэцІыр зыгъэхъэзырар ШАЛ Мухьэмэдщ.

НапІэзыпІэм ирадз удынышхуэ

● Къару

Сыт ар зищІысыр?

Урысейм и зауэ доктринэщІэм ар кьызэрыщыгъэльэгъуар УФ-м шыналъэ къезыт къэралхэм яхэт кьудейуэщ.

Хэт атІэ ар? Куэд щІауэ ди цІыхугъэжьрауэ кьыщІэкІащ. Зэгуэр Друа и доктринэу, итІанэ ядернэ ІэщІэкІэ зэрызыхакъутэ стратегиеу щытащ, иджы: напІэзыпІэм ирадз удынышхуэу кьыщІидзыжащ. АтІэ хъарзынэкъэ - уэ жьжьэ УщыІэу икІи зыри пфІэмыкІуэдау уи Іэщ1эм дэтхэнэ къэралри зэтрикьутэу? ЦІыхухэр мэгуэавэ, дзэр зэуэжьфырклым, правительствэр лъэгуажьэмыщхьэу кьотІыс... Аращ зэрыхъурт. Нэхъыщхьэр ядернэ Іэщэ зиІэм упэщІэмыувэнырщ, упэщІэувэми, абы а и Іэщэр япэщІыкІэ зэтеткъутэнырщ.

ПСОМИ ящІэ дунейм и дэтхэнэ щІыпІэми дакъикъэ бжьагъэкІэ зэреуэфыну Іэмал къигупсысыну Пентагон зэрыкущІэкъур - аращ напІэзыпІэм ирадз удынышхуэ программэр щІызэкилъхьари. А удыныр нэхъыщхьэу Урысейм кьызэрыхуэгъэзари абы хэтыжу. Уеблэмэ континентхэр зэпызыупщІ ракетэхэр ядернэу щымыт Іэщэ кьызэрыгуэкІхэмкІэ зэщІаузэдэнуи кьыхахьхат. АрщхьэкІэ щІегъуэжащ - Іэщэ кьызэрыгуэкІхэр ядернэ бомбэу щымыту хэт кьызыщыбгъэхъунур? ИтІанэ хуэятыжыну жэуапым уикІуэдыкІынущ. Дамэ зытет ракетэхэу макъым нэхърэ хуэдитхукІэ нэхъ псынщІэу лъатэхэр щІыным кьытеувыІащ. Сыт щхьэкІэ?

Гугъэ нэпцІхэр

Зэ еплъыгъуэкІэ кьыщщохъу мыр хуабжьу къару щхьэпэу. Макъым нэхърэ куэдкІэ нэхъ псынщІэу кІуэ ракетэм километри 10-20 и лъагагъэм, ар радархэм кьахуэубыдыркъым, зыщхьэумэнуи яхунэсыркъым: псори зэлъытар дакъикъэ бжьагъэщ. Баллистическэ ракетэхэм хуэмыдэу ахэр ирауТІыпщкІ мэхъу бомбэзехьэ кхъухьлъатэхэмэ, кхъухьхэмэ, псыщІагърыкІуэхэмэ. Абы кьыхэкІыу щаутІыпщ щІыпІэр зытеуэм кьыхуэщІэркъым. Абы кьафІегъэщІ я Іэхэр зэтедзауэ ядернэ зауэм щІадзэфыну икІи абы щытекІуэфыну.

Апхуэдэ гупсысэм США-р хуабжьу зэщІнубыдащ. Абы кьыхэкІыу кьащтащ 2016 - 2020 гъэхэм апхуэдэ ракетэхэмкІэ ВВС-хэри, ВМФ-ри, дзэри зэщІэуэздэным теухуа программэр. ЗэрыхуагъэфэщамкІэ, а ракетэхэр километр 20-м нэс я лъагагъэ лъэтэнущ, макъым нэхърэ хуэдипщІ хуэдизкІэ нэхъ псынщІэу. НэгъуэщІу жыпІэмэ, километр минри 5-р дакъикъи 5-м зэпачынущ, километр мини 6 якІуфынущ континентхэр зэпызыупщІхэм хуэдэу.

Нэхъ псынщІэу улъэтэфынукъым

Арщхьэкіэ лъэпощхьэпо ину кьэващ двигателыр. Ар тыншщ теорие и лъэныкъуэкІэ. Абы турбини компрессори хэтхъым. Нэхъ гугъур гъэсыныпхъэм хаутІыпщхьэ хьэуар псынщІэ дыдэу исын зэрыхуейрщ. Двигателыр жьІэмыдаІуэу кьыщІэкІащ: ракетэр япэщІыкІэ хуабжьу зэщІэбгъэплъэн хуейщ, кьыщтапхъэ псынщІагъыр имыгъуэтамэ, мэункІыфІ, ракетэм хьэбэсабэ кьыхуегъакІуэри. Апхуэдэ нэгъабэ шыщхьэуІум и 25-м кьэхъащ. - Аляскэ и деж щаутІыпща ракетэр секунди 7 нэхъ дэмыкІыу къэуащ.

Сыту фІыІуэт нэхъапэм зыщыгугъар: В-52 кхъухьлъатэм и дамэм щІэт ракетэр яутІыпщ икІи километр 12 и лъагагъыу зытрагъэпсам нагъэса иужь кьрадзых. КьайхъуЛакъым - доллар мелуан 500-р хисхьащ. ИужькІэ «ЩІыІэ» программэр кьагъэсебэну ахъшэм кьыдагъэхуэн ягугъащ. Пэжщ, пэжщ: «мис а урысхэм» апхуэдэ ракетэ яІащ 1991 гъэми!

Япэ ищыбнукъым

Хэбгъэзыхьмэ, Дубнэ щыІэ «Лэгъупыкъу» конструктор бюром ар и лъабжьэу дамэ зытет Х-90 стратегие ракетэр кьигупсысащ. ІэмэпсымэщІэ фэнщэр макъым нэхърэ хуэдитхукІэ нэхъ псынщІэу километр минищкІэ лъатэрт, адрэр бомбитІ кІэрыщІауэ. Нэхъыщхьэраци, а Іэщэр узыхуейм хуэбгъэзэфынут уэгум уздитым. Ар ІэщІагъэлІхэм яфІэтельыджэщ: апхуэдизэ псынщІагъ иІэуи?!

США-м и конгрессым щыщхэр иджы егупсысыж хуей мэхъу нэгъуэщІ Іэмалым куэкІуэным - суборбитальнэ глайдерхэр кьэгъэзэбэпыным. Ахэр хьэршым драгъэкІуейри, зыхуей щІыпІэм кьытрагъанэ.

Сыт абы щІэуэ кьахуихьынур? 2004 гъэм и гъатхэм Путин Владимир жиІэгъащ: «Урысейм ІэщІакІэ ЗэщІэуэздэ и Къарухэм мыгувэу кьахэхъуэнущ макъым нэхърэ нэхъ псынщІэу ядернэ Іэщэ кьизыгъэкІыфІэщэхэр. Зытрагъэпсам фІэмыкІыу икІи зыхуейм хуэдизэ лъагагъ кьищтэфу. Абыхэм зыми зыщаухъумэфынукъым».

Кьухьэпіэ прессэр хэпльэгъуэ хэхуащ: ар сыт хуэдэ Іэщэ икІи дэнэ урысхэм ахъшэ кьыздрахар? Ахэр нэхъапэм а Іэщэм елэжьауэ пІэрэ? Апхуэдэ Іэщэ 1984 гъэм къагупсысауэ щытащ! 1990 гъэм ягъэунэхури, Оренбург и машзаводым проект тхыльхэр ираташ. ИтІанэ ящыгъупщэжащ... АрщхьэкІэ 2006 гъэм и гъэмахуэм Урысейм Зыхъумэжьныгъэмкіэ и министерствэм жиІащ континентхэм ящхьэщылъэтыкІ икІи зыхуейм трагъапсэ апхуэдэ ракетэхэр зэращІар.

Абы и закъуэкъым: вице-премьер Рогозин Дмитрий жиІащ макъым нэхърэ нэхъ псынщІэу Іэщэр зыхуей щІыпІэм нэзыгъэсыф Іэмэпсымэхэр кьызэрэпэщыным зэрелэжьыр. Іуэхум халъхьагъэххэщ сом мелади 2-м щІигъу.

Сыт кьикІынур?

Зи гугъу тщІы Іэщэр щІыну гугъущ икІи мылькушхуэ токІуадэ. АтІэ напІэзыпІэм ирадз удынышхуэри апхуэдэу щымыту пІэр? Дэ ди фІэщ ящІыну хэтщ а ракетэхэм якІэрыщІауэ щытынур Іэщэ кьызэрыгуэкІыу. Радиаци абы кьигъэльэд нур гуэри щыІэнукъым - удыныр зыхуэгъэзауэ щытынур кьыппэщІэтым и къарур зэрэкъуэтэнырщ. Хэт ар зыщІэр?

1999 гъэмрэ «союз къару» Іуэхумрэ дигу кьэдвгъэгъэкІыж. Абы щыгъуэм НАТО-р махуэ 78-кІэ авиацэкІэ Югославиеи куэд емытІысэхыу. А «псапащІэ Іуэхум» хиубыдэу бомбэ мин 23-рэ ирадзыхащ, дамэ зытет ракетэу 298-рэ яутІыпщащ, ПВО-м и объектэу 100-м нэс, заводу, фабрикэу, электростанцэу 30 хуэдизэ, лъэмыжхэр, аэродромхэр, унэшхуэхэр якъутащ. Унэхэм я бжьыгъэ зыми кьибжакъым. Сабий 400 хэту цІыху 1700-рэ хэкІуэдащ, мини 10 уІэгъэ хъуащ. НэгъуэщІу жыпІэмэ, ПВО-р зэтракъута иужь, НАТО-м и кхъухьлъатэзехуэхэр уэгум щытепщэ дыдэ хьуащ.

Ауэ Югославиер Урысейкъым, ди Красноярск краим и щІынальэм и закъуэ абы ейм хуэдэ куэдкІэ йобэкІ. Апхуэдэу щыщыткІэ, ди къэралым кьаруушхуэ дыдэ (хуэдипщІ Іэджэкіэ нэхъыбэ) къехьэлІэн хуейщ. Уеблэмэ ПВО-р зэхакъутэн кьудейми. Абы кьыдэкІуэу диІэкъэ РВСН, атом псыщІагърыкІуэ кхъухьхэр? Я гугъу тщІыхьхэнкъым аэродромхэм, лъэмыжхэм, электростанцхэм. Ди «ныбжьэгъуэхэм» яІэкъым а псори зэрызэтракъутэфыну кьару. ЖаІэ американхэм псори зэпалъытыфу. Зэгуэр ахэр егупсысауэ щытащ ди ядернэ кьарухэм кьызэреуэну щІыкІэм. Ди ракетэхэр кьызыщІатІыпщыкІ шахтэхэр тротил мин щищ зыхьыфыну ракетэхэмкІи ямыкъутэфыну кьыщІэкІащ.

Арщхьэкіэ дэ кьыджаІэ макъым нэхърэ куэдкІэ нэхъ псынщІэ ракетэр зытрагъэпсам фІэмыкІыну. Ауэ километр мин бжьыгъэ зыкІуа ракетэр зытехуэнэр хэт зыщІэр? Абы щыгъуэми, апхуэдэ ракетэм хьэльэу зы тонн нэхъыбэ нэхьыбэ ихьыфынукъым. Абы кьыхэкІыу ди «Воевода» ракетэр щІы щІагъым щІэпкъутыхьынным яужь уихьэнри дэ цІыкІуклэ шыгун тебэ пкъутэным уэущІэкъунри тІури щы.

Иужьрейуэ зы ущІэ? Фэ фи фІэщ хъурэ зи гугъу тщІа ракетэхэр Іэщэ кьызэрыгуэкІ къудейкІэ зэщІэузэдауэ щытыну?

ТИМОШЕНКЭ Михаил.
«Красная звезда» газет

● Китай

Китайм зыми емыщхь и рынок ухуэкІэр лІэужьыгъуитІкІэ ехъумэ - политикэ ІэмалкІэ (социализм), и цивилизацэ къекІуэкІыкІакІэ (илъэс минитху зи ныбжь цивилизацэм и хабзэхэр). Индием и парламент ухуэкІэр лъэщу зэфІэуващ, езым псынщІэу зеужь, лъэпкъхэр зэкъуэту зэдзэлажьэу есащи. Индонезиемрэ Бразилиемрэ я цІыкІухэр хуабжьу жьыджэрщ. Аращ а къэралхэм я екъуалІэныгъэхэр кьызыкІыр.

Сурэтым: ПсынщІэу зекІуэ мафІэгъухэм я депо.

НапэкІуэцІыр зыгъэхъэзырар ШАЛ Мухьэмэдщ.

ТУМЭ Рэхьми: «Сыадыгэщ» жызыІэр куэдщ, ауэ бзэр зыщІэр мащІэщ

● Ди хьэщІэщым

Тенджыз ФІыцІэм и адрыщІ лъэныкъуэмкІэ къыщыс адыгэхэмрэ хэкурысхэмрэ зэпызыщІэ лъэмыжщ адэжь щІынальэм щІэхщІэхыурэ къакІуэ, адыгэ Іуэхум телажь, зи хэкур зрагъэбгына ди адэшхуэхэм я фэепльым хуэпэж цІыхухэр. Тырким къыщалъхуауэ щыпсэу, зи ІэщІагъэкІэ адвокат, адыгэм и тхыдэм, и псэухІэм, и натІэ хъуам теухуауэ тхылъ зыбжанэ зи Іэдакъэ къыщІэкІа Тумэ Рэхьми Къэбардей-Балъкъэрым къэкІуэжати «Адыгэ псалъэ» газетым и хьэщІэщым къеблэгъащ. Сыт щыгъуи ди гуапэщ лъэпкым и къуэ пажэхэр, километр мин бжыгъэкІэ дызэпэІэщІэми, адэжь хэкум зи псэр быдэу пыщІа ди лъэпкъэгъуэхэр фэдгъэщІыхуну. Рэхьми и къежьапІэм пэщІэдзэ хуищІыр и адэшхуэм и адэр хэкум икІауэ зэрыщытарщ, абы къыдалъхуахэмрэ абыхъэм къалъхуужахэмрэщ.

- 1867 ГЪЭМ си адэшхуэм и адэм хэгъуэгу унафэщІым тхылъ хущІилъхьат: «Си быныр си гъусэу Мэккэ сыкІуэу Бегъымбарым щхьэщэ хуэсщІэну, и кхъащхьэм Іэ дэслъэну хуит сыкъэщІ», - жиІэу. А лъэІу тхылъыр сэ архивым къыщызгъэтыжажу сиІэщ. Исхьэкът си адэшхуэм и адэм зэреджэр, абы и щхьэгъуэгэр Борийхэ япхъут, пхъуитхэр илъэс 12-м ит си адэшхуэмрэ яІэт абы щыгъуэ. ПхъуитІыр - Ащхъуэтхэ, зыр - УнащІэхэ, адрейр - Ендырхэ, етхуанэр Тохъуэхэ яшащ. Абыхъэм я дэлъху закъуэ Исуф и къуэ Хьэлым срикъуэщ сэ, - къыддогуапІэ Рэхьми.

Си анэм и цІэр Зухьрэщ. 1917 гъэм школыр кьиухат абы. А лъэхъэнэм апхуэдэ щІэныгъэ зиІэ цІыхубз исакъым Тырким, тыркубзэри хьэрыпшбзэри дэгъуэгу ищІэрт. Ар шым тетІысхьэрт, кІалэм кІуэрти, адыгэм сыт хуэдэ Іуэху яІэми яхузэфІигъэкІырт. Тырким щыщу нэчыхъ зимыІэ цІыхубз Мэккэм ягъакІуэу щыта-къым. Ди анэрэщ ятІэ дыдэу Тырким щыщу, нэчыхъ имыІэу хьэжыщІ кІуа фызыр. Еэрри, си анэр Тумэ Исмэхьил къигъэкІуэсащ. Абыхэм къуитІрэ зыпхъурэ къаехъхъуауэ Исмэхьил яукІащ. Ди адэм щхьэгъусэ иІэт, ауэ сабий къащІэхъуатэкъыми, и щхьэгъусэр ирагъэкІыжри, и къуэшым и фызыр кърагъэшэжащ. Ди адэми щІалитІрэ зы хъыджэбзэрэ къыхуилъхуащ. Си пшпхъу нэхъыжьыр Рэхьмэтщ, си къуэшыр Фикрищ. Фикри диным хуеджащ, ефэндышхуэщ.

- Бынуагъэущхуэр сыт хуэдэ жыла фыдэса?

- Мараш къалэм епха Гёксун щІыпІэм хиубыдэ жылэ цІыкІуэхэм ящыщщ Къаншуейр. Мис аращ дыкъыщалъхуари дыщапІари. Курыт школыр къэзуха нэужь, къалэшхуэм еджакІуэ сыкІуащ, зызгъэадыгэ щІалэу, си бзэр сщІэуэ, сызэрыадыгэм срипапэу. Зы гъэщІэгъуэн сыщрихьэлІащ абы. Ататюрк къэралыр зэрихуэм къытхутепсэлъыхьу тхыдэмкІэ зы етъэджакІуэ гуэр диІэт. Ар зэгуэрым лекцІэ къытхуеджэжу жиІащ адыгэхэм лІыгъэ яхэмылъу, щхьэфІэчу. Ар щхьэхэсхым, схуэмышпэчу сыкъэгъащ.

- Сыт ущІэгъыр? - къызоупщІ егъэджакІуэр.

- Сэ сыадыгэщ. Уэ адыгэхэр хэбутащ, - жысІащ.

ЕтІуанэ сыхьэтым къыщІихьэри, адыгэхэм хуэдэ щымыІэу зэкъуэгъэ псалъэрт. Аргуэру си нэщхьыр зэхэхІауэ сыздэщысым къызбгъэдыхьэри къызэкІащ: «Узыхуейр зищІысыр сыт? Адыгэр доубри - уогъ, дыщотхъуэри - уогъ». Хуэфэщэн жэуап естыжащ абы, иужькІэ сыщыщІэупщІэм ар адыгэу къыщІэкІащ. Арат а лъэхъэнэм къэралым щыхабзэри, лъэпкъ цІыкІу къыхэкІам зищІысыр ибзыщІырт, си егъэджакІуэр дзэм хэтати, къызригъащІэ хъуххэнутэкъым зэрыадыгэр.

ЕтІуанэу мыр къысщыщІащ: еджапІэм сыщІэтІысхьа къудейуэ, тыркубзэкІэ семыджэфу, библиотекэм сыкІуащ. Зы тырку хъэрф сщІыхуртэкъым. Библиотекэм зы лІыжь щІэтти, сыбгъэдохьэри адыгэбзэкІэ жызоІэ: «Адыгэхэм ятеухуауэ зэтхылъ къыхэт».

ТыркубзэкІэ къыщІоупщІэж лІыжьмр. Сэ адыгэбзэкІэ жэуап изотыж аргуэру: «Адыгэхэм ятеухуа тхылъ хъыхэт». Сытми, лІыжьым зи Іуэху зесхуэр къыгурымыІуащэу, ІуокІри, зы тхылъ иЫгъыу къегъэзэж: «Дэ адыгэхэм ятеухуа тхылъ диІэкъым, ауэ мы тхылъым «Кавказ» жиІэу тетщи, ухуеймэ, къащти ешІэ». Тхылъыр къеІысхащ, ауэ щІагъуэу къызгурыІуакъым абы итхэр, илъэс 13-14-м ситу арат. ИуэкъкІэ, къызэрыщІэкІамкІэ, Тырким щыпсэу адыгэхэм я тхыдэр ятІэ дыдэу зытхыжа Беркъуэку Исмэхьил и Іэдакъэщ ІэкІрат лІыжьым къызитар. КъызгурыІуар мащІэми, тхылъым седжащ. Мис абдеж щегъэжьауэ адыгэ Іуэхум сыдихьэхащ, абы и тхыдэр зэи ІэщІыб сымыщІауэ иджыри къыздэсым содж, солэжь.

- УкъызыхэкІа лъэпкъым и къекІуэкІыкІар, и щІыбагъ къыдэлъэ гуауэр нэхъуеиншэу зэбгъащІэу упсэуащ, уэри куэдым утетхыхьащ, икІагъэщхуэт абыхъэм къащышІар. Уэ бджа, бгъэунэхуа псом къыхэпха гупсысэмкІэ укъыддэгуэшэну сыхуейт: сыт хуэдэу щыта хэхэс гъащІэр адыгэм дежкІэ, и гур щигъэтІылъа къыхуихуа ди лъэпкъым зэгуэр, хьэмэрэ гуныкъуэгъуэм ихь зэпыту псэуа?

- Ар кІыхьу къебгъэкІуэкІыфынущ. Ауэ нэхъ кІэщІу жыпІэмэ, мыращ Іуэхур зытетыр е сэ сызэреплъыр. Адыгэр и хэкум щІикІам и щхьэусыгъуэр зыбжанэу зэтопщІыкІ. Ирахуаи, къыгъащІэу ирашаи, зыфІэфІу зыбгъанаи щыІащ. Ауэ Уэсмэн къэралыгъуэншхуэм и щІыгум нэхъыбэу щІашами щІэжІуами щхьэусыгъуэ хуэхъуар дин Іуэхуращ.

Адыгэм гугъуехь къэш ишэчащ. Зэ зым ягъэтІысу, итІанэ абдеж щрахужьэжрэ нэгъуэщІ щІыпІэ тІысыпІэ ищІын хуей хъууэ. Гугъуехьэр и натІэу псэууэрэ, Ататюрк пашэ хъуа нэужь, Джумхуриет (Республикэ) иухуэри, къэралыр зэрыпсэун хабзэ зэхалъхьащ. 1921 гъэм Конституцэ къащтащ, къэралым лъэпкъыу ихыр къыщыгъэлъэгъуауэ. АрщхьэкІэ 1924 гъэм Конституцэр зэрахъуэжІри, Тырким ису хъуар тырхуэу ятхыу щІадзащ.

Апхуэдэу ящІа нэужь, адыгэбзэкІэ упсалъэуи, «сыадыгэщ» жыпІэуи ядэртэкъым. Абы щыгъуэм сэ ятІэ классым сыкІуати, си анэдэлъхубзэрат сщІэр. Хуэмэрэ тыркубзэр зэзгъащІэрт, ауэ адыгэбзэ къысфІыхэхуэрти, егъэджакІуэм теэзыр къыстрилъхьэрт - пшэр зэрагъэплъыр собэти, абы иралъхьэн пхъэр унэм сихужэрэ къызигъэхьырт. Гъэмахуэ хъумэ, ди ваксэр щыдигъэхтырти, ди лъэгум къыщІэуэрт. Куэдрэ къыстехуащ ар.

Мис апхуэдэ Іуэхухэр нобэрей ассимиляцэр къэзышар, лъэпкъыр зыхэсхэм яхэшыпсыхь щІэхъуар. Бзэр зымыщІэр, тыркум ират адыгэ хъыджэбзэхэр куэд хъуащ.

Къуажэм дыдэсу, сыщІалэ цІыкІуу, ди адэшхуэм деж молэри, динымкІэ егъэджакІуэри къыкІуауэ зэхэсхат. Сэ шей яхущІэсхьэну сылъалъуэри, сыщІыхьащ нэхъыжьхэр зыщІэсым. Адыгэ хъыджэбз гуэр тырку щІалэм ирагъэуцафэ ящІу арат. Мэлэр псалъэрт: «Хэт сыт жиІэми зыри къикІыркъым, хэт хэт дэжІуэнуми КъурІэным итщ, и натІэм къритащ». Ар щызэхэсхым, зы псалъэ къызатыну сылъэІуащ: «Ярэби, Алыхьыр тыркуу пІэрэ?» - сыщІэупщІащ сэ. Ар щІыжьыСІари? Адыгэ хъуажэ 17 ит абдежи, сэ сщІэуэ хъыджэбз 23-рэ тыркум иратат, ауэ зы тырку хъыджэбзи къуажэм щыдащатэжьыну.

Нэхъ нужьыІэ цІыхухэр еджащ, лэжьапІэ хъарбуэтащ, къалэхэм ІэпхъуакІэщ. Нобэ «сыадыгэщ» жызыІэр куэдщ, ауэ бзэр зыщІэр мащІэщ. Сэ къызэрыслъытэмкІэ, адыгэр лІыгъэкІэ зэрыхагъэшыпсыхьам нэхъри нэхъыбэу езыхэр интеграцэм ихьащ.

- Къэрал Іуэхуми, хабзэми куууэ хыбощІыкІ, куэд бджащ. КІэщІу жэуап къетыт: адыгэхэр я хэкум зэрырахуам лъэпкъгъэкІуэдкІэ (геноцид) уеджа хъуну?

- ПсалъитхукІэ зэзгъэзэхуащ мы Іуэхум сызэреплъыр. Адыгэр зытекІуэдар сыт жысІэри сызэупщІыжащ сэр-сэру: зэгурымыІуэныгъэ, щІэныгъэншагъэ, урыс лъагъэмыхъуныгъэ, уэсмэн лъагъуныгъэ, хъагурымыІуэ муслъымэныгъэ. ЯгъэкІуэдащ адыгэр мис абыхэм. Дэр-дэруи дызэгурыІуакъым, къэралри къыдгурыІуакъым. Ди хабзэри и кІэм нэсу къыдгурыІуэжьыртэкъым дэ. Хабзэ жыпІэм, Іэнэм щызэрахьэрауэ, жэнээзы хуэІухуэщІэрауэ, хъэщІэ гъэхъащІэкІэрауэ ягуГъэщ языныкъуэхэм. Хабзэм псори итт, ауэ къагурыІуакъым.

- Уэ абыхэм ятеухуа тхылъ уэзэриІэм сыщыгъуазэщ. НэгъуэщІ сытым утетхыхьа, конференцэм жыдэжру уха тщ, сытым теухуауэ укъэпсалъэрэ?

- Истамбыл дэт Хасэм и тхьэмадэу илъэсипщІкІэ сылэжьащ. Абы щыгъуэми, иджыри зиужь ситыр лъэпкъ Іуэхур дэгъэжІынырщ, абы и пэжыр къыщІэгъэщынырщ, ди псэукІэм хъуауэ хэхъымрэ мыхъумыщІымрэ зэпкърыхынырщ. Кавказым, тхыдэм, Кавказ зауэм, абы и къежьажІамрэ щхьэусыгъуэмрэ, нэгъуэщІ куэдми сытетхыхьащ, тхылъ щхьэхуэхэр дунейм къытехьащ. Ахэр сэбэп мэхъу хэхэс адыгэхэм къащІэхъуэ щІэблэм я блэкІар ящІэнымкІэ, я гупсысэр унэтІынымкІэ, ди тхыдэм епльыкІэ гуэр хуаІэнымкІэ.

- Уи унагъэкІэ нэхъ гъунэгъуу укъэтщІыхуну сыхуейт, Рэхьми...

- Си щхьэгъусэр абхъаз бзылъхугъэщ. Зи лъэпкъ, зи лъахэ фІыуэ зылъагъу щыІэмэ, ар етІуанэщ. Хэкупсэщ хуабжу. Езыр профессорщ, университетым щолажьэ.

Махьинуррэ сэрэ бын дгъуэтакъым. Ауэ абы и дэлъхуэ лІы иукІыу лъэхъуэщым щихуэм, илъэси 3-м ити хъыджэбз щыкІу къыхуэнати, дэ къэтщащ тпІыну.

ДжІуэн хуей щыхьум, «псэлъыхьу пхуэхъур си деж къэгъакІуэ» жысІащ. Адыгэ фІэкІа естынутэкъым. Зэгуэрым къэкІуауэ щы Іалэ, адыгэу жиІэу, ауэ и фэмкІэ зэрытыркур къэсщІащ. ЩІалэр згъэшынэри зыкъэзгъэзымысащ ихІи афІэкІа хъыджэбзым къыбгъэдэмыхьэну унафэ хуэсщІри сутІыпщыжащ. Абы иужь абхъазыщ гуэрым къытехъуКІа щІалэм лъхьху къыгъэкІуащ. АрщхьэкІэ, си мурадым сытетти, згъэщІэхъуащ. Бурджы (си пхъум) еджэн кьиухри, дэжьэн щІидза нэужь, зы къэбэрдей щІалэ зригъэщІыхуащ. Абы и хъыбар щызэхэсхым, «си деж кърекІуэ» жысІащ. Уи фІэщ хъункъым, ауэ щІалэр ди унэ къыщыщІэбжькъуам и зыІыгъыкІэжІа, и теплъэкІэ зэрыадыгэр къыуащІэнкІэ Іэмал иІэтэжьым.

- Дэнэ ущыщ? - сеупщІащ тыркубзэкІэ.

- Уэлэхьи, Узун-Яйла щыщыщ, сыкъэбэрдейм, Мэрзейхэ сращІалэм, - къызитащ жэуап адыгэбзэ къабзэкІэ.

ЩІалэм сепсалъэри, сигу ирихьащ, и адэкъуэшхэр лъхьхъу къигъэкІуэну хуит сщІащ. Адыгэ пщащэ и эсу згъэсат хъыджэбзыр, адыгэ унагъуэ ихьэну сыкъуейт. Езыри си жьауэм щІэкІакъым, жьасІэм къедэІуащ, къыхихари игу дыхьэ щІалэщ. Буржы адыгэ анэ гумащІэ хъуащ, пхъу гумащІэуи къыхущІэкІауэ дыхьэхуэгуапэу дызэкІэльхьКІуэ. Сигу хэзыгъахъуэри? А зи гугъу сщІы хъыджэбзым зэтІолъхуэныкъуэу пхъуитІ иЗщ - Гужанрэ Нэжанрэ. Гужан зымахуэ къэтІысауэ къызжеІэ: «Уэ адыгэ хъыджэбзыр зэрыщытыр пщІэрэ?».

- ЩІагъуэу сщІэркъым, кхъыІэ, къызжеІэ.

- Адыгэ хъыджэбзыр ину Іэгу еуэркъым, уэрамым щрикІуэкІэ лъэбакъуэхъуу бакъуэркъым, тутын ефэркъым, ину псалъэркъым.

НэгъуэщІ сыт хуэдэ хьэл хэлъ? - сыщІоупщІэ.

- Иджыри зы щыІэщ, ауэ бжесІэнэкъым.

- Ди яку къыдэнэжьнщ, щхъуу къызжеІэ, - щыжьысІэм, си тхьэкІуэм къеІуэталІэри: «Адыгэ хъыджэбзыр адыгэ щІалэ дэкІуэн хуейщ», - жиІащ. Мис апхуэдэу адыгэпсэ яІуту игъэсащ ахэр Бурджы. А цІыкІуэхэр адыгэбзэкІэ мэпсалъэ, пшынэ йоуэ. Зыр пшынэ щеуэкІэ, адрейм сэ сыкъыдофэ.

- Тхьэм куэдрэ уакІэлъыгъэплъ гъащІэм и ІэфІыр зыхозыгъэщІаха?

Епсэльар

НЭЩІЭПЫДЖЭ Замирэщ.



«Адыгэ псалъэ» газетым и къудамэм и унафэщІ НэщІэпыджэ Замирэ Тумэ Рэхьми йопсалъэ. *Сурэтхэр* Къареи Элинэ *трихащ.*

● Атлетикэ псынщІэ

Кучинэ Марие ятокІуэ

Лъагэу дэлъеинымкІэ Чехием щекІуэкІа "Beskydska latka" дунейпсо зэхъэзэхуэм Къэбэрдей-Балъкъарым и спортсменкэ Кучинэ Марие сантиметри 198-м щыпалъэщи, бжьыпэр иубыдащ.

ДИ ЛЪАХЭГЪУМ и хьэрхуэрэгъу нэхъыщхьэу щита Польшэм щыщ Личвинкэ Камилэ етІуанэ увыпІэр лъысащ, Шимун Аннэ (Хорватие) ещанэ хъуащ. ТІуми сантиметри 195-рэ лъагагъыр къащтащ.

ТЕРКЪУЛ Мартин.

● Футбол

Абрау-Дюрсо трагъазэ

Урысей Федерацэм футболымкІэ и етІуанэ дивизионым и «Ипщэ» гупым щекІуэкІ зэхъэзэхуэм зыхуэзыгъэхьэзыр «Спартак-Налшыкым» и футболистхэм ещанэ зыгъэсэгъуэм щІадзащ.

МАХУИЩ-ПЛІЫКІЭ Налшык зыщигъэпсэхуа иужькІэ ди командэм вэсэмахуэ тригъэзащ Краснодар крайм и Абрау-Дюрсо щІыпІэм щыІэ зыгъэсапІэм. «Спартак-Налшыкыр» абы тхьэмахуитКІэ щыІэнущ.

Зыгъэсэныгъэм къыдэкІуэу ди щІалэхэм зэныбжьэгъуГъэ зэІущІэ зыбжанэ ирагъэкІуэкІынущ. Командэм хагъэхьэну къратГъэлигъэхэм я зэфІэкІыр здыкъэсым абы-хэм щыхэплъэнущ, адрейхэм я Іэзэгыр ирагъэфІэкІуэнущ. ЗэныбжьэгъуГъэ зэІущІэхэм хъэрхуэрэгъу къащыхуэхъунухэмрэ ахэр щекІуэкІыну махуэхэмрэ нэхъ иужьыІэкІэ яубзыхунущ.

ЖЫЛАСЭ Заурбэч.

● Спорт бэнэкІэ

Дунейм щынэхъ лъэщхэр

Алыдж-урым бэнэкІэмрэ бэнэкІэ хуитымкІэ дунейпсо рейтингыр иджыблагъэ къагъэщІэрэщІэжащ. Абы хэтщ ди лъахэгъуэхэри.

НЭГЪАБЭ зэ фІэкІа утыку кьимыкьыми (дунейпсо зэпеуэм дыжьын медалыр къыщихьащ), щыбэна лІэужьыгъуэр ихъуэжами **Махуэ Билал** и пщІэр лъагэу къэнэжащ. Алыдж-урым бэнэкІэмкІэ килограмми 130-м нэс зи хьэлъагъхэм я деж бэнэкІэ хуитымкІэ щэнёрэр дунейпсо чемпион адыгэ щІалэр. ЩІы хъурейм иджыпстукІэ щыепІаныжэ, Абы апэ къитщ Кубэм щыщ Лопес Михаин, Тыркум и щІыхьыр зыхъуэмэ Кааали Ризэ, Эстонием и лІыкІуэ Наби Хейки сымэ.

Килограмми 66-м нэс зи хьэлъагъхэм я деж епщыкІубгъуэнэ увыпІэр щиІыгъщ **Уэршэкудыгъу Аскэр**. Абы къыкІэлъокІуэ **Ахьмэд Азэмэт**.

БэнэкІэ хуитымкІэ ди къэралым щыщу дунейпсо рейтингым щынэхъыфІ дыдэр килограмми 125-м нэс зи хьэлъагъ **Къущхьэ Мурадинщ**. Ар зэкІэ еянэщ.

Ебгъуанэ увыпІэр иІыгъщ **Урыш Анзор**. Ар щыбанэр килограмм 86-м нэс зи хьэлъагъхэм я дежщ. **Джэду Аниуар** (килограмм 74-м нэс) - епщІанэщ.

ХЬЭТАУ Ислъам.

● КъБР-м щыІэ МВД-м къет

И Іыхьлыхэм Іэрагъэхьэж

КъБР-м щыІэ МВД-м и лэжьакІуэхэм Налшык къалэ къыщагъэутыжащ хъыбарыншэу кІуэдауэ яльэутэ мэзкуудэсщ.

ХЪЫБАРЫНШЭУ кІуэдауэ яльэутэ илъэс 41-рэ зи ныбжь Мэзкуу щыпсэу цІыхубзым и хэщІапІэр Урысей МВД-м и управленэу Налшык къалэ щыІэм и лэжьакІуэхэм къэлъыхъуэныгъэхэр щрагъэкІуэкІым яубыхуащ.

Іуэхум ехьэлІауэ пкърыупщІыхьа нэужь, цІыхубзыр и Іыхьлыхэм иратыжащ. КІуэдар къызэрагъуэтыжамкІэ къэлъыхъуэныгъэм и жэрдэмщІакІуэ Урысей МВД-м и Іуэхущ Іапі э нэхъыщхьэу Москва щыІэм хъыбар ирагъэщІащ.

Ахъшэ пэкІуэу Іэщэр къыІах

КъБР-м и Правительствэм 2014 гъэм бадзэуэгъуэм и 9-м къыщта Унафэ №148-м ипкъ иткІэ хабзэм къеІэмыззэгъыу яхъумэ Іэщэр, абы иралъхьэ шэхэр, къагъауэ веществохэмрэ Іэмэпсымэхэмрэ цІыхухэм я фІэфІыныгъэкІэ икІи мылъку пэкІуэу ятыну Іэмал яІэщ. Абы пэкІуэну ахъшэри яубзыхуащ.

И фІэфІыныгъэкІэ Іэщэр зыт Урысей Федерацэм и гражданхэу илъэс 18 ныбжьым нэсахэу щыпсэу щыпІэм е Къэбэрдей-Балъкъэрым и щыпІэу здэщыІэм щатхьэхэм абы пэкІуэ мылъкур яІэрыхьэну хуитыныгъэ яІэщ. Ахъшэр гражданиным и счету кредит Іуэхущ Іапі э хэм ящыщыІуахэхэм е пощт зэпыщІэныгъэхэмкІэ Іэрагъэхьэнущ.

ЦІыхуэхэм я фІэфІыныгъэкІэ ят Іэщэмрэ Іэмэпсымэхэмрэ пэкІуэ ахъшэр зыхуэдизыр

№ п/п	Іэщэм, абы и Іэмэпсымэхэмрэ къагъауэ веществохэмрэ	Сом бжыгъэр
1	КІэрахъуэ, револьвер	4000
2	Автомат	4800
3	Пулемет	5600
4	РПГ-7, 7В, 27 гранатэдз	6400
5	Гранатэдз РПГ-7, 7В и 27	8000
6	РПГ-18, 22, 26, 27 зэ къэгъэсэбэпыгъуэ гранатэдз	7200
7	СВД фоч	5600
8	КІэрахъуэ-пулемет	4800
9	Щакіуэ карабин	4000
10	Щакіуэ фоч	2400
11	Газкіэ лажьэ кІэрахъуэмрэ револьверымрэ	800
12	КІэрахъуэ, револьвер Іэрыщі	4000
13	Къагъауэ вещество (тротил, аммонит, гексоген, нэгъуэщІхэри) зы граммым	3
14	Къагъауэ Іэмэпсымэ (ВВ, СВ-хэри хьхьэу)	2400
15	Къызэрагъауэ Іэмэпсымэм (электродетонатор, капсюль-детонатор, мафІэ, электрокъару зэрыкІуэ кІапсэхэр - метр бжыгъэм тещІыхьауэ)	80
16	Танк зэрахъутэ хьэрэкІытІэ	4000
17	РПО-А мафІэдз	4800
18	Гранатэдз (ВОГ-30, 25, 25П) и шэ	2400
19	Гранатэ (Ф-1, РГО, РГН, РКГ-3ЕМ, РГ-42)	1600
20	Инженер лагъым (сапер лагъым)	800
21	ПІэтІрон, шэ къэс	8

Дыхур къытрахыж

2015 гъэм мазаем и 6-м Урысей МВД-м и Управленэу Налшык къалэ щыІэм зыкъыхуигъэзащ щыхьэхэм ящыщ зым и унафэщІым. ЩхьэусыгъуэР абы сом 5 290-рэ и уасэ дыху зэрыфІадыгъуарщ.

УМВД-м и лэжьакІуэхэм къэлъыхъуэныгъэхэр щрагъэкІуэкІым, а щІэпхъаджагъэр илэжьауэ щэн хуащІу яубыдащ илъэс 30 зи ныбжь Шэджэм къалэм щыпсэуу.

Ядыгъуэр къытрахыжащ. Уголовнэ Іуэху къэІэтыным хопльэ.

Сом мин 25-рэ хэщІыныгъэ

Налшык къалэ щыпсэуи Урысей МВД-м и «Бахъсэн» къудамэм зыхуигъэзащ. ЩхьэусыгъуэР и дачэм къызэредыгъуарт.

ЦІЫХУХЪУМ зэрыжиІамкІэ, «Бахъсэн-2» жыг хадэ зэгуэныгъэм щиІэ щы кІапэм ит ухуэныгъэм мыцІыхуэм гъущІ ахъэрэр яКъуэтэри щхьэгъубжэмкІэ щІыхьащ. Абы щІадыгъуакІащ гъущІэкІ хьэпшыпхэмрэ ухуэныгъэ Іэмэпсымэхэмрэ икІи сом 25000-рэ зыхуэзэ хэщІыныгъэ ирагъэгъуэтащ.

Полицэм и участковэ уполномоченнэхэм къэлъыхъуэныгъэхэр щрагъэкІуэкІым бзаджащІэхэр яубыдащ. Ахэр Бахъсэн щыналъэм щыпсэу, илъэс 22, 24, 27 зи ныбжь цІыхухэуищырщ. Абыхэм ялэжьамкІэ заумысыжащ.

Ядыгъуэр Ислъэмей къуажэм гъущІэкІэхэр щыІах пунктым ираттат. Хьэпшыпхэр зейм Іэрагъэхьэжащ. Іуэхур адэкІэ щыІэзэхагъэкІым зэраубзыхуащ, яубыдахэр апхуэдэ ІуэхугъуитІым пыщІащ.

Къэрал кІуэцІ Іуэхухэмкі э министерствэу КъБР-м щыІэм и пресс-Іуэхущ Іапі э.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФІЫЦІЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр

Жыласэ Заурбэч (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), ЖьокІэмыхъу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), Ширдий Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), Гъурыжь Мадинэ (жэуап зыхь секретарь), Къардэн Маритэ, НэщІэпыджэ Замирэ, Хьэжьыкъарэ Алик, Щхьэцэмыщ Иэз.

Езыгъэтхаэр

«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителэхэр).

● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ●

КъыдэзыгъэкІэмрэ редакцэмрэ я щхьІапІэр

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ ІуэхуэмкІэ - 42-22-86; кьуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 42-57-59; щэнхабзэмкІэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъумэ Іуэхущ Іапі эхэм ядэлэжьэнымкІэ - 42-60-53; хъыбарыщ Іэхэмкі э, спортымрэ письмохэмкІэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 47-32-15; зэдэзекІакІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтериемкІэ - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іуэхущ Іапі эм -42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддэз тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаІэта Іуэхугъуэхэм я пэжагъымкІэ ахэр зытхахэм нэсу жиІэр ахь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху епІыкІэр зэтехуэ зэпыту щытыкъым.

Газетыр Іэ тезыдзахэм ихуэхьныбжьи пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10

● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ●